# NANU WOY BOROOM BI!



# LI TÉERE BI ËMB:


- **Woy yi**
  - Màggal Yàlla .................................. #1 - 32
  - Xebaar bu baax bi .......................... #33 - 66
  - Tànn bu réy .................................... #67 - 81
  - Dundu Taalibey Krist ...................... #82 - 124
  - Sunu yaakaar ju wér ji ................... #125 - 141
  - Juddub Krist .................................. #142 - 157
  - Xale yi.............................................. #158 - 175

- **Xët yu amul dara** ngir ñi am yeneen woy yu bees, man ko ci taf

- **Ay taalifi Sabóor**

- **Woy yi nekk ci téere bi**


## Légende:

| | | |
|---|---|---|
| { } 2x | = Répétez les mots entre chochets | exemple: {Sew na.} 2x |
| ( ) | = Écho (AWU) | ex: Ayca nu màggal (Ayca nu màggal) |
| abc | = Refrain (à répéter après les strophes) | ex: Kon dinaa woy . . . |
| a-b | = liason des mots | ex: dara-mënu noo tàggale |
| abc | = Soutenez ce mot | ex: tas na noon yi |
| [Do$^7$] | = Facultatif | |
| o | = accord ouvert (gratter une fois et revenir au dernier accord) | |
| -> | = Chant continue en haut sur la page suivante | |

# Les accords pour la guitare




## Les Groupes

Do · Fa · Sol

La7

Ré · Sol · La

Si7

Mi · La · Si7

Do7

Fa · Si · Do

Ré7

Sol · Do · Ré

Mi7

La · Ré · Mi

Fa#7

Si · Mi · Fa#

Sol7

Do

## MÀGGAL YÀLLA:

# 1. Santal Yàlla {Lukk 10:20; 2 Korent 8:9; 9:15}

AIR: Give Thanks with a Grateful Heart

**Sol** **Ré**
{Santal Yàlla ak xol bu sedd guyy!
**Mim** **Sim**
Santal Yàlla, Aji Kàttan ji!
**Do** **Sol** **Ré**
Santal Yàlla, ndaxte joxe na Yeesu Krist, Boroom bi!} 2x

**Sol** **Mim** **Lam**
{Na Ki ñàkk doole wax: Am naa doole!
**Ré⁷** **Sol**
Ki ñàkk alal wax: Am naa alal!
**Mim** **Lam** **Ré** **Sol Do Sol**
Ndax-lépp li Boroom bi def ngir nun.} 2x Santal Yàlla!

# 2. Kon dinaa woy {Peeñu bi 15:3,4; Room 5:1-8}

AIR: Dieu Tout Puissant / How Great Thou Art

**Sol** **Do**
1.) Céy Buur Yàlla, saa su may xool sa liggéey,
**Sol** **Ré** **Ré⁷** **Sol**
Di seet yu yéemu ak yu rafet yi,
**Do**
Gis jant bi ak weer wiy leeral guddi,
**Sol** **Ré** **Ré⁷** **Sol**
Ak biddiiw yi ne gàññ ci jaww ji.
**Sol** **[Ré]** **Do** **Sol**
{Kon dinaa woy te woyati ak mbég,
**Ré** **Ré⁷** **Sol**
Yaw, Buur Yàlla yaa yelloo ndam!} 2x

**Sol** **Do**
2.) Te su may dox ci àll bu naat ci nawet,
**Sol** **Ré** **Ré⁷** **Sol**
Gis dugub jiy yéngu ci ngelaw li.
**Do**
Fépp fu may xool, bët yem ci tool yu rafet,
**Sol** **Ré** **Ré⁷** **Sol**
Nopp bég ci picc yuy sab ci garab yi.

->

**Sol** **Do**
3.) Te su may xalaat ni sa baaxaay tollu,
**Sol** **Ré** **Ré7** **Sol**
Ba bëgg nit ak sa mbëggeel gu réy,
**Do**
Ba tax sa Doom ñëw gàddu samay ñaawteef,
**Sol** **Ré** **Ré7** **Sol**
Moom mi jub dee ngir man mi jubadi.

**Sol** **Do**
4.) Bu Krist ñëwee ni melax mi ne ràyy,
**Sol** **Ré** **Ré7** **Sol**
Mu jël ma ngir ma nekk ak Moom ci kaw,
**Do**
Bu waxee: Ñëwal, toog ci sama jetaay,
**Sol** **Ré** **Ré7** **Sol**
Kon dinaa bég te màggal ko ba fàww!

# 3. Maa ngiy yëkkati sa tur {Filipp 2:6-11}

AIR: Lord, I Lift Your Name on High

**Sol** **Do** **Ré [Do Ré]** **Sol** **Do** **Ré [Do Ré]**
{Maa ngiy yëkkati sa tur! Sopp naa di la màggal!
**Sol** **Do** **Ré** **[Do Ré]**
Yaa ngi ci sama dund, bég naa!
**Sol** **Do** **Ré** **[Do Ré]**
Ñëw nga musal nu, bég naa!
**Sol** **Do** **Ré** **Do** **Sol**
Ñëw nga ci àddina si, wone yoon wi!
**Do** **Ré** **Do** **Sol**
Ci àddina ba bant ba, fey nga samay bor!
**Do** **Ré**
Ca bant ba, ba bàmmeel ba,
**Mim** **Do**
Ca bàmmeel ba, ba asamaan!
**Ré** **Sol** **Do** **Ré**
Maa ngiy yëkkati sa tur!} 2x
**Do** **Ré** **Do Sol**
Maa ngiy yëkkati sa tur!

## 4. Màggalleen Boroom bi {Jëf ya 15:14-18}

AIR: Praise the Lord, Give Thanks to the Lord

Sol Ré Sol Do Sol
1.) Màggalleen Boroom bi, màggalleen ko, dafa baax! (Waaw dafa baax!)
Ré Sol Do Sol
Yërmandeem du jeex, waaw dafa baax! (Waaw dafa baax!)
Do Ré Sol Ré
Kan mooy wax kàttanam? Kuy siiwal màggaayam?
Sol Do Ré Sol Do Ré
{Nu ngi lay màggal Yàlla Israyil, ba abadan! (Waaw ba abadan!)} 2x
Sol Do Ré
{Na xeet wi yépp ne, Amiin (Amiin)} 3x
Sol Do Sol
Màggalleen Yàlla!

Sol Ré Sol Do Sol
2.) Dajale nu Boroom bi, ci xeet yi! (Ci xeet yi!)
Ré Sol Do Sol
Musal nu Yaw Yàlla sunu Boroom! (Sunu Boroom!)
Do Ré Sol Ré
Ngir nu màggal sa tur wu sell wi, te nu màggal la ba fàww!

## 5. Sama xol a ngiy màggal {Lukk 1:47}

Sim
{Sama xol a ngiy màggal Boroom bi,
Mim La [Fa# m] Sim
Sama xel di bég ci Yàlla sama Musalkat!} 2x

Sim Mim Sim
1.) {Céy Buur Yàlla yaa yelloo ndam.} 2x

Sim Mim Sim
2.) {Yàlla yónni Almasi bi.} 2x

Sim Mim Sim
3.) {Sunu Yàlla noot Seytaane.} 2x

## 6. Ayca nu màggal {Sabóor 19; Peeñu bi 4:11}

**Sim**
Ayca nu màggal (Ayca nu màggal)
Yàlla sunu Boroom (Yàlla sunu Boroom)
**Mim** **Sim**
Aycaleen nu (Aycaleen nu) Santandoo ko (Santandoo ko)
Moom moo sàkk (Moom moo sàkk) Asamaan ak suuf (Asamaan ak suuf)
**Mim** **Sol** **Mim** **Sim**
Màggaayam (Màggaayam) Feeñ na ci àddina si yépp!
**Mim** **Sim**
{Sunu Yàlla la! (Sunu Yàlla la!)} 2x Amul moroom!
**Mim** **Sim**
{Sunu Yàlla nga! (Sunu Yàlla nga!)} 2x Amuloo moroom!

## 7. Ayca! {Room 11:33-36; Peeñu bi 5:13}

**Ré** **Sol** **Ré** **La** **Ré**
{Ayca! Nu màggal Aji Kawe ji, nu yëkkati turam.} 2x
**Ré** **Sol** **Ré** **La** **Ré**
{Ayca! Nu màggal Aji Kawe ji, nu teral ay jëfam.} 2x
**Sol** **Ré** **La7** **Ré**
Na cant, teraanga, ndam ak kàttan tare ci moom ba fàww!
**Sol** **Ré** **Sol** **La7** **Ré**
Na cant, teraanga, ndam ak kàttan tare ci moom ba fàww!

## 8. Alélu* Aji Sax ji {Kolos 3:15-17}

**Do**
Alélu Aji Sax ji yelloo cant ba fàww!
**Sol** **Do**
Alélu Aji Sax ji yelloo cant ba fàww!
**Do**
Alélu Aji Sax ji yelloo cant ba fàww!
**Sol** **Do** **Fa Do**
Alélu, moo yelloo cant ba fàww!

Yàlla Baay bi / Musalkat bi / Aji Leer ji / Aji Dund ji / Aji Sax ji . . .

[Pour monter la gamme: **Do - Sol {La7}--> Ré - La {Si7}--> Mi - Si7**]

*Alélu: mooy gàttalu Aléluya, te Aléluya ci boppam mooy waxu Yawut, juy tekki: Na Aji Sax ji màgg.

## 9. Sunu Yàlla {1 Korent 15:57; 2 Korent 2:14}

AIR: C'est notre Dieu qui donne la victoire

**Do Sol Rém Sol Do**
Sunu Yàlla mooy joxe ndam li! Sunu Yàlla mooy joxe ndam li!
**Do Fa Do Rém Sol Do**
Sunu Yàlla mooy joxe ndam li! Alélu, alélu, aléluya, amiin!
**Do Sol Rém Sol Do**
Alélu, alélu, aléluya, amiin! Alélu, alélu, aléluya, amiin!
**Do Fa Do Fa Sol Do**
Alélu, alélu, aléluya, amiin! Sunu Yàlla mooy joxe ndam li!

## 10. Oosanna* {Yowanna 12:12-16}

AIR: Oosanna au plus haut des cieux!

**Ré La$^7$ Ré La$^7$**
{Oosanna, Oosanna, Oosanna Aji Kawe ji!} 2x
**Sol Ré Sol Ré**
Bëgg nanu la sant, te di màggal sa tur.
**Sol Ré Sol La$^7$ Ré**
Yeesu Krist sunu Boroom la! Oosanna Aji Kawe ji!

**Mi Si$^7$ Mi Si$^7$**
{Màggalleen, Màggalleen, Màggalleen Yeesu sunu Buur!} 2x
**La Mi La Mi**
Bëgg nanu la sant, te di màggal sa tur.
**La Mi La Si$^7$ Mi**
Yeesu Krist sunu Boroom la! Màggalleen Yeesu sunu Buur

*Oosanna: mu ngiy tekki: Yàlla musal nu.

## 11. Nanu sant Yeesu {Peeñu bi 22:4,5}

AIR: All Hail King Jesus

**Do Mim Rem Do**
Nanu sant Yeesu, nanu sant Emanuwel,
**Lam [Rem] Sol Sol$^7$**
Buuru buur yi, Kilifa gi, Aji Kàttan ji!
**Do Mim [Lam] Fa**
Ci diirub laaxira dinaa ko sant,
**Do [Lam] Rem Sol$^7$ Do Fa Do**
Te dinaa nguuru ak Moom ba fàww!

## 12. Kenn mënu ko fey {1 Korent 11:23-26}

[MODERATO: sans percussion / arpège]

**Do** **Fa** **Do** **Sol⁷**
{Kenn mënu ko fey!} 2x Kenn mënul fey Yeesu.
**Do** **Sol** **Do** **Sol⁷** **Do** **Fa** **Do**
{Kenn mënu ko fey!} 2x Ngir li mu def ngir nun.

## 13. Màggalleen turu Boroom bi! {2 Korent 2:14}

AIR: Béni soit le Nom du Seigneur

**Sol** **Do [Ré]** **Sol** **Do** **Sol**
Màggalleen turu Boroom bi, Màggalleen turu Boroom bi,
**Do** **Ré** **Sol**
Màggal, aléluya, màggal, Aléluya, màggalleen turu Boroom bi!

**Sol** **Do** **[Ré]** **Sol** **Do** **Sol**
Yeesu moo di turu Boroom bi, Yeesu moo di turu Boroom bi,
**Do** **Ré** **Sol**
Yeesu, aléluya, Yeesu, Aléluya, Yeesu moo di turu Boroom bi!

## 14. Woyu Bànni Israyil {Gàddaay gi 15}

**Sol** **Ré** **Do** **Sol**
1 .) Dinaa woy Boroom bi, dinaa woy Boroom bi,
**Ré** **Sol**
Ndaxte moo am ndam lu réy.
**Sol** **Ré** **Do** **Sol** **Ré** **Sol**
Dinaa woy Boroom bi, dinaa woy Boroom bi, ndaxte moo ma musal.

**Do** **Ré** **Sol**
Woyleen Boroom bi! Moo am ndam lu réy!
**Do** **Ré** **Sol**
Boroom bi mooy nguuru ba fàww!
**Do** **Ré** **Sol** **Ré** **Sol**
Woyleen Boroom bi! Moo am ndam lu réy! Boroom bi Jàmbaar la!

**Sol** **Ré** **Do** **Sol** **Ré** **Sol**
2.) Sa përëgub ndeyjoor, Yaw Boroom bi, am na doole juy yéeme.
**Sol** **Ré** **Do** **Sol** **Ré** **Sol**
Sa përëgub ndeyjoor, Yaw Boroom bi, tas na noon yi.

**Sol** **Ré** **Do** **Sol** **Ré** **Sol**
3.) Sama-doole ak sama-woy moo di Boroom bi, ndaxte moo ma musal.
**Sol** **Ré** **Do** **Sol** **Ré** **Sol**
Mooy-sama Yàlla, dinaa-ko-tagg, di-ko-màggal. Boroom bi Jàmbaar la!

# 15. Yaw Yeesu {Sabóor 22; Esayi 53}

AIR: Rédempteur adorable / The Church's One Foundation
[MODERATO: sans percussion / arpège]

```
    Do        Fa  Do      Sol  Do  Fa     Sol7  Do
1.) Yaw Yeesu mi may rammu,  ñu daajoon la ca bant,
    Rém Do       Sol  Fa   Do [Fa Sol Do]   Sol Sol7
    Teg    nañu la ni ku bon, yar la   ngir samay tooñ.
       Do      Fa       Do                        Rém
    Saw mettit ak sag njaaxle, sag yuux, sa sukkuraat,
      Do   Fa Do   Sol Lam   Rém      Sol Do
    Ñu ne, dama  laa bëgg,  dee naa ngir musal  la!
```

```
    Do        Fa  Do    Sol  Do     Fa  Sol7  Do
2.) Lu tax nga wax bu kawe,  Yaw Yeesu  mi ma jot,
    RémDo              Sol    Fa Do [Fa Sol Do]   Sol Sol7
    S a  m a   baay dëddu nga ma, lu  tax  nga wacc ma?
       Do        Fa    Do                        Rém
    Yaa  tax ma dee ak coono, ak tiis, yaw bàkkaarkat,
       Do    Fa Do   Sol Lam  Rém  Sol Do
    Ngir musal la   ci sànku,  laa joxe   sama   ruu.
```

```
    Do           Fa  Do   Sol        Fa   Sol7   Do
3.) Ca Kalweer wuutu naa la,  ndaan gi ci man la dal,
    Rém Do       Sol Fa    Do [Fa  Sol  Do]  Sol Sol7
    Gàddu    naa say bàkkaar, ci   man ngay ame jàmm.
        Do       Fa        Do                          Rém
    Waaw, sama Boroom mbëggeel, sama buur yërmande,
      Do    Fa Do   Sol  Lam   Rém     Sol Fa Do
    Nangu ma, sama    Yeesu,    ci Yaw laa    jébbalu.
```

# 16. Aka neex! {Yawut yi 1:1-4; Macë 18:20}

AIR: Quel beau Nom! / Blessed Name!

**Sol Do Sol**
1.) Ci suuf ak ci asamaan, amul tur wu gëna neex,
**Ré Sol Ré Sol Do Sol**
Amul wu ma gëna bëgg, turu Krist mi dee ngir nun.

**Sol Do Sol Ré**
Aka neex, aka neex, turu Yeesu Almasi bi.
**Sol Do Sol Ré Sol Do Sol**
Aka neex, aka neex . . . Yeesu mooy E m a n u w e l!

**Sol Do Sol**
2.) Nit man na am tur yu màgg, di kilifa mbaa di buur,
**Ré Sol Ré Sol Do Sol**
Waaye luñ leen mana tudde, Yeesoo ma leen gënal fuuf!

**Sol Do Sol**
3.) Malaakay Yàlla yu màgg yi, ame tur yu kawe lool,
**Ré Sol Ré Sol Do Sol**
Waaye wu ci-gëna rafet, mënu ma indil bànneex.

**Sol Do Sol**
4.) Yeesooy dimbali ciy safaan, siggal la boo amee tiis,
**Ré Sol Ré Sol Do Sol**
Fital la te may la doole, bu sa xol sax jeexee tàkk.

## 17. Yeesu yéeg na {Yowanna 19:17; 1 Pieer 2:21-25}

AIR: Blessed Redeemer [TEMPO 6/8: sans percussion]

**Ré** **La** **La7** **Ré**
1.) Yeesu yéeg na tundu Golgota, waajal dundam ngir joxsi nu ko,
**Sol** **Ré** **La7** **Ré**
Nangu na dee ci sunu wàll, coonoom musal na nu ci bàkkaar.
**Sol** **Ré** **La** **La7**
Yeesu ku baax la, mayug Yàlla la, duma fàtte mukk ne dee na ngir man.
**Ré** **Sol** **Ré** **La** **La7** **Ré**
Metti na lool li mu joxe boppam, ngir man mi ko tooñ, yeeyoowuma ko.

**Ré** **La** **La7** **Ré**
2.) Sama Baay, baalleen, Yeesoo ko ñaan. Ba mu dee joxe dundam ngir nun,
**Sol** **Ré** **La7** **Ré**
Noonu la nu Yeesu ñaanale. Amul keneen ku nu gëna sopp.

**Ré** **La** **La7** **Ré**
3.) Sopp naa la, Yeesu Boroom bi! Dinaa la màggal léegi ba fàww!
**Sol** **Ré** **La7** **Ré**
Diirub laaxira, dinaa la gërëm, ndax jot nga ma ak njëg gu réy!

## 18. Turu Yeesu, ni mu neexe {Yawut yi 13:15}

AIR: Le Nom de Jésus est si doux! / The Name of Jesus Is So Sweet

**Do** **Sol** **[Fa Do Sol]**
1.) Turu Yeesu, ni mu neexe ci noppi ku ko gëm,
**Do** **Fa** **Do** **Sol7** **Do**
Day dalal sa xel, noppal la, di feral say rangooñ.

**Do** **Sol** **[Fa Do Sol]**
2.) Yeesu, yaay xarit bu takku, yaay sama Musalkat,
**Do** **Fa** **Do** **Sol7** **Do**
Sama Buur-nga, sama Sëriñ, te Yaw rekk laa wóolu.

**Do** **Sol** **[Fa Do Sol]**
3.) Sàmm bu lewet nga ci man, Yonent bu ràññiku,
**Do** **Fa** **Do** **Sol7** **Do**
Yaay Bunt bi, Yoon wi, dig Muj; Yeesu yaay sama lépp.

**Do** **Sol** **[Fa Do Sol]**
4.) Cig njaaxle-yaa di sama jàmm, ciw tiis sama sëslaay,
**Do** **Fa** **Do** **Sol** **Do**
Dinaa la woye àddina, ak laaxira ba fàww!

# 19. Man maa ko moom {1 Pieer 1:3-5}

AIR: Je l'ai trouvé / I've Found a Friend

**Sol Do Sol Ré [Sol Ré Ré$^7$] Sol**
1.) Man maa ko moom, man maa ko moom, mbégte mi Yeesu joxe.
**Do Sol Ré$^7$ Sol**
Musal na ma, musal na ma, moo tax ma bége nii tey.
**Do Ré Sol Ré Do Sol Ré**
Ci samay tooñ, sellal na ma, ak deretam ji tuuru,
**[Ré$^7$] Sol Do Sol Ré Sol**
Samay rangooñ, feral na leen yépp, Yeesu Krist moo ma musal.

**Sol Do Sol Ré [Sol Ré Ré$^7$] Sol**
2.) Waaw mbégte la, waaw mbégte la, Yeesu mooy sama sang.
**Do Sol Ré$^7$ Sol**
Musalkat bi, sama Rammukat, Yaw rekk laa mana jaamu.
**Do Ré Sol Ré Do Sol Ré**
Yaw yaa di ñëw, daaneel Ibliis, ci Yaw laa ame doole.
**[Ré$^7$] Sol Do Sol Ré Sol**
Sama xol bépp, a ngi jëm ci Yaw, mi ma may dund gu bees.

**Sol Do Sol Ré [Sol Ré Ré$^7$] Sol**
3.) Yaa nu bëggoon, yaa nu bëggoon, nun ñi réeroon nikiy xar,
**Do Sol Ré$^7$ Sol**
Yaa nu musal ci sunu bàkkaar, boole nu ci sa njaboot.
**Do Ré Sol Ré Do Sol Ré**
Ci dund gii, ak gi di ñëw, dinanu xool sa kanam.
**[Ré$^7$] Sol Do Sol Ré Sol**
Gannaaw tey jii, jébbalu nanu, ci Yaw Boroom bi Yeesu.

## 20. Xoolleen Yeesu {Jëf ya 2:36}

AIR: Guide Me, O Thou Great Jehovah

**Sol [Do Sol] Ré Sol Do Sol Ré7 Sol**
1.) Xoolleen Yeesu, yeen ñi ko gëm, dekki na, duggaat nguuram,
**Sol [Do Sol] Ré Sol Lam7 Sol Ré7 Sol**
Moom mi suufeelu, deewal nu, kawe na te soloo ndam!
**Ré7 Sol**
Màggalleen ko! Màggalleen ko!
**Do Ré7 Sol**
Ñëwleen màggal Buur Yeesu! Ñëwleen màggal Buur Yeesu!

**Sol [Do Sol] Ré Sol Do Sol Ré7 Sol**
2.) Joxleen Musalkat bi kaala, gaawleen, yeen malaaka yi,
**Sol [Do Sol] Ré Sol Lam7 Sol Ré7 Sol**
Toogaat na ci wetu Baay bi, tàcculeen, ndax dàq na!

**Sol [Do Sol] Ré Sol Do Sol Ré7 Sol**
3.) Bàkkaarkat ya xas nañu Yeesu, teg ci boppam kaalag dég,
**Sol [Do Sol] Ré Sol Lam7 Sol Ré7 Sol**
M a l a a k a yaa ngiy daw, wër ko, sujjóot ci Moom, tagg ko.

**Sol [Do Sol] Ré Sol Do Sol Ré7 Sol**
4.) Dégluleen nag ni ñuy tàccoo, dégluleen seen cant tey,
**Sol [Do Sol] Ré Sol Lam7 Sol Ré7 Sol**
Yeesu mile suufeel boppam, toogaat na ci gànguneem!

## 21. Nanu xaacu {Sabóor 18:4}

**Ré La7 Sim Sol Ré Mim La7**
Nanu xaacu te tagg Aji Sax ji. Te musal nañu ma ci samay bañaale.
**Ré La7 Ré Sol Ré La7 Ré**
Nanu xaacu màggal Aji Sax ji. Te noonu dinaa mucc ci samay noon.
**Ré La7 Sim Sol Ré Mim La7**
Nanu sant Aji Sax ji. Nanu sant Aji Sax ji.
**Ré La7 Ré Sol Ré La7 Ré**
Nanu sant Aji Sax ji. Nanu sant Yàlla!

[CANON: La ligne <-- indique là où ça commence]

**Ré La7 Sim**
Nanu xaacu te tagg Aji Sax ji. (Nanu sant Aji Sax ji.)
**Sol Ré Mim La7**
Te musal nañu ma ci samay bañaale. (Nanu sant Aji Sax ji.)
**Ré La7 Ré**
Nanu xaacu màggal Aji Sax ji. (Nanu sant Aji Sax ji.)
**Sol Ré La7 Ré**
Te noonu dinaa mucc ci samay noon. (Nanu sant Yàlla!)

# 22. Yaa sell {Kolos 1:12-14; Yawut yi 10:19-23}

AIR: Holy, Holy (And we lift our hearts before You . . .)

**Do Sol Sol⁷ Fa Sol⁷ Do**
1.) Yaa sell, yaa sell, yaa sell, Yàlla Aji Kàttan ji.
**Do⁷ Fa Mim Lam**
Nu ngi fii, di la gërëm, di bég, di woy, di jaamu,
**Rém Sol⁷ Do**
Bëgg nanu la, Aji Kàttan ji.

**Do Sol⁷ Fa Sol⁷ Do**
2.) Sunu Baay, Baay bu Sell bi, nu ngiy bég ci li nu mana nekk say doom!
**Do⁷ Fa Mim Lam**
Nu ngi fii, di la gërëm, di bég, di woy, di jaamu,
**Rém Sol⁷ Do**
Bëgg nanu la, Baay bu Sell bi.

**Do Sol⁷ Fa Sol⁷ Do**
3.) Sunu Boroom, Mbotem Yàlla, jërëjëf Yaw mi gàddu sunu alkande!
**Do⁷ Fa Mim Lam**
Nu ngi fii, di la gërëm, di bég, di woy, di jaamu,
**Rém Sol⁷ Do**
Bëgg nanu la, Mbotem Yàlla.

# 23. Yàlla miy Kenn {Yudd 25}

AIR: In Him We Live and Move

**La Ré La Mi**
{Yàlla miy kenn, di sunu Musalkat, yaa yelloo ndam ak màgg,
**La Ré La Mi**
Yàlla miy kenn, di sunu Musalkat, yaa yelloo kàttan ak nguur!

**Mi Ré**
Màggalleen Yàlla! Woy ko ci bànneex!
**Mi Ré Mi**
Màggalleen Yàlla! Gërëm ko te màggalleen Yàlla!
**Ré Mi Ré Mi**
Jox ko seen dund gépp! Màggalleen Yàlla, siiwal ndamam!} 2x
**La Ré La**
Ndamam, ndamam, ndamam.

## 24. Nu ngi lay jaamu {Dañeel 4:3; Yawut yi 1:8}

AIR: O Lord, Our Lord How Majestic Is Your Name

**Do Fa Do Sol**
1.) Yàlla, Yàlla nu ngi lay jaamu, Dinga yilif ba fàww!
**Do Fa Do Sol**
Yàlla, Yàlla nu ngi lay màggal, ci njubte ngay nguuru.
**Fa Rém$^7$ Sol Do Fa Rém$^7$ Sol Do**
Yàlla... sa yiw nga nu may. Yàlla... sa kàttan lanu xam!
**Si$^7$ Mim Ré Sol Do Fa Sol Do Fa Do . . .**
Yaw yaa yelloo cant ba fàww, Yàlla nu ngi lay jaamu.

**Do Fa Do Sol**
2.) Yeesu, Yeesu nu ngi lay jaamu, Dinga yilif ba fàww!
**Do Fa Do Sol**
Yeesu, Yeesu nu ngi lay màggal, ci njubte ngay nguuru.
**Fa Rém$^7$ Sol Do Fa Rém$^7$ Sol Do**
Yeesu... Yaw, yaa di Buuru buur yi. Yeesu... Yaw, yaa di Rammukat bi.
**Si$^7$ Mim Ré Sol Do Fa Sol Do Fa Do . . .**
Yaw yaa yelloo cant ba fàww. Yeesu nu ngi lay jaamu!

## 25. Boroom bi Yàlla {Peeñu bi 4:8; Esayi 6:1-5}

**Mim Ré Mim**
{Boroom bi Yàlla, Aji Kàttan ji.} 2x
**Mim Ré Mim**
{Moo sell, sell, sell.} 2x
**Mim Ré Mim**
{Boroom bi Yàlla, Aji Kàttan ji.} 2x
**Ré Mim Ré Mim**
{Moom ki nekkoon démb, ki nekk tey, te di ñëw ëllëg.} 2x
**Mim Ré Mim**
{Boroom bi Yàlla, Aji Kàttan ji.} 2x

## 26. Sabóor 34 {Efes 5:19,20}

AIR: I Will Enter His Gates

**Do Fa Do Fa Sol**
May màggal Aji Sax ji te baña tàyyi te di ko màggalati
**Do Fa Do**
Sama gémmiñ sax ci di sant Boroom bi
**Fa Sol Do Fa Do**
Ma bég te bànneexu ci Yàlla.
**Do Fa Do Lam**
Yàlla bégal ma! Yàlla bégal ma!
**Fa Sol Do Fa Do**
Yàlla moo di sama bànneex!} 2x

**Do Fa Do**
Jógleen nu màggal Aji Kàttan ji!
**Fa Sol**
Ànd ak man, nu yëkkati turam!
**Do Fa Do**
Sunu xol di kañ Yàlla sunu Boroom
**Fa Sol Do Fa Do**
Nanu woy ak a sant Aji Sax ji.

[Pour monter: **Do - Fa - Sol {La⁷}--> Ré - Sol - La**]

## 27. Céy, Boroom bi {Jëf ya 4:24-31; Lukk 18:27}

AIR: Nothing Is Too Difficult

**Do Fa Do Fa Sol**
Céy, Boroom bi, yaa sàkk asamaan ak suuf ci sa doole!
**Do Fa Do Sol Do**
Céy, Boroom bi, yaa sàkk asamaan ak suuf ci sa kàttan gu mag!
**Sol Fa Do Fa Do**
Déedéet, dara tëwula Yaw! O-o-déedéet, dara tëwula Yaw!
**Fa Do**
Yaw, yaay Aji Màgg ji te am doole Yàlla Aji Kàttan ji!
**Fa Sol Do Sol Do**
Wóor naa te wóorati naa bu baax ne, dara, dara tëwula Yaw!

## 28. Màggal naa Yàlla {Room 1:19-25}

**Rém Lam Rém**
{Màggal naa Yàlla ak sama xol bépp.} 2x
**Lam Rém**
{Yàlla Aji Kàttan ji sàkkoon na lépp.} 2x
**Sol Rém**
{Noonu lépp baax lool, li mu def lépp.} 2x
**Lam Rém**
{Màggal naa Yàlla ak sama xol bépp!} 2x
**Rém Solm Rém La Rém**
{Laa laa laa... } 2x

**Rém Lam Rém**
{Yàlla sàkk ñaari nit ci melokaanam.} 2x
**Lam Rém**
{Genn góor ak jenn jigéen doon nañu kenn.} 2x
**Sol Rém**
{Barkeel na leen, jox leen sañ-sañu yilif.} 2x
**Lam Rém**
{Màggal naa Yàlla ak sama xol bépp!} 2x
**Rém Solm Rém La Rém**
{Laa laa laa... } 2x [Montez à **Mim** ]

**Mim Sim Mim**
{Asamaan si biral na ndamu Yàlla.} 2x
**Sim Mim**
{Àddina si sulli na ndamu Yàlla.} 2x
**La Mim**
{Céy, Aji Bind ji yelloo cant ba fàww.} 2x
**Sim Mim**
{Màggal naa Yàlla ak sama xol bépp!} 2x
**Mim Lam Mim Si Lam**
{Laa laa laa... } 2x

## 29. Yàlla Aji Kawe ji {Yudd 24,25}

AIR: Our God Is an Awesome God (Chorus)

**Do Sol Ré Mim**
{Yàlla Aji Kawe ji, moo di sunu Baay bi.
**Do Sol Lam7 Ré7 Mim**
Moom rekk lanu wóolu, day toppatoo soppeem yi.} 2x
**Lam7 Ré Mim**
Day toppatoo soppeem yi.
**Lam7 Sim7 Mim**
Day toppatoo soppeem yi.

# 30. Yàlla Aji Sell ji {Room 5:5-11}

[MODERATO: arpège]

**Do Lam Sol Do Fa Sol Sol7**
Yàlla Aji Sell ji, maa ngi lay gërëm
**Do Lam Sol Do Fa Sol Sol7**
ci lépp li nga def ngir man. Maa ngi lay màggal.
**Fa Mim Fa Do**
Joxe nga Yeesu Krist, mi sonn lool, tuur deretam.

**Fa Do Fa Do**
Baal na ma samay tooñ. Jubale na ma ak Yaw.
**Fa Do Fa Sol Sol7**
Soppi na sama dund. May na ma dund ba fàww.

**Do Lam Sol Do Fa Sol**
Yàlla Aji Sell ji, Yaa yeyoo ngërëm.
**Do Lam Sol Do Fa Sol Sol7**
Na cant, ndam ak teraanga féete ak Yàlla.

**Fa Mim Fa Do**
Jox naa la sama dund, sama xol ak sama xel.
**Fa Do Fa Do**
Yaa di sama Boroom. Yaa di sama Yàlla.
**Fa Do Fa Sol Do**
Yaa yelloo cant ba fàww, ci turu Yeesu Krist.

# 31. Yeesu lanuy jaamu {Peeñu bi 5:11-14}

AIR: He Is Exalted [TEMPO 6/8]

**Ré**
Yeesu lanuy jaamu, Ki Yàlla yónni,
**Sol Fa#m Sol La Ré**
Mu goreel nu ci dee! Yeesu lanuy jaamu, Ki Yàlla yónni,
**Sol Fa#m Sol La**
Mu sol nu ndamam!
**Mim Sim La Ré Fa#m Sol**
Mooy Boroom bi, ba fàww téye dëgg gi!
**Mim Sim La Ré Fa#m Sol La**
Buuru buur yi, jenn Doomu Aji Sax ji!
**Mim7 Sol Mim La7 Ré**
Yeesu lanuy jaamu, Ki Yàlla yónni, amiin!

## 32. Yaay sama Baay {Yowanna 4:23,24; Room 8:15}

AIR: Dieu de Gloire / I Exalt Thee [MODERATO: arpège]

Ré Mim La Ré Sim Mim La Ré
Yaay sama Baay bi nekk ci kaw. Yaa di sama wall di it sama sàmm.
Mim La Ré Sim Mim La Ré
Yaay sama Baay bi nekk ci kaw. Sa kàttan gu réy moo may ëmb.
Ré La
{Yaw, yaay Yàlla. Yaw, yaay Boroom bi.
Sol La Ré
Nu ngi lay màggal fii ba fàww!} 2x

XEBAAR BU BAAX BI:

## 33. Allahu akbar!* {1 Timote 6:15,16; Room 3:19-27}

AIR: Strophes: Come Out of Her My Beloved

Mi La Mi
Yàlla màgg na! Yàlla ku Sell la!
La Mi Si7 Mi
Aji Mbëggeel la! Yàlla du soppiku mukk!

Mi Si7 La Mi Si7 La Mi
1.) Céy Buur Yàlla, yaay Aji Sell ji, ba mënuloo xool lu bon!
Si7 La Mi Si7 La Mi
Céy Buur Yàlla, yaay Aji Jub ji, sa yoon, yoon wu mat la.
Si7 Mi Si7 Mi
Yaw Yàlla, yaay Aji Mbëggeel ji, ba tax nga xamle xebaar bu baax bi.
Si7 La Mi Si7 La Mi
Rabat nga pexe, mi raw xelum nit, ngir jot bàkkaarkat yi.

Mi Si7 La Mi Si7 La Mi
2.) Céy Buur Yàlla, yaay Aji Màgg ji, sa xel ni mu xóote!
Si7 La Mi Si7 La Mi
Céy Buur Yàlla, yaay sàmm kóllëre, mënuloo tebbi say wax.
Si7 Mi Si7 Mi
Yaw Yàlla, def nga li nga digewoon, jaare ci yonent yi,
Si7 La Mi Si7 La Mi
Wàcce nga sa Ruu, sa Kàddu doon nit, ba nga wallusi nu.

*Allahu akbar: Kàddug Arab la guy tekki: Yàlla màgg na.

## 34. Mbote mu mat mi {Gàddaay gi 12; Yowanna 1:29}

Mim Ré Mim Lam Si⁷
1.) Mbote mu mat mi amuloo sikk. Ñu tuur sa deret taqal ko ci bunt.
Lam Mim Ré Mim
Malaakam dee jéggil sama kër. Wóolu naa sama Boroom bi.
Lam Mim Ré Mim Lam Mim Si⁷ Mim
{Yàlla, Yàlla sama Musalkat. Yàlla, Yàlla musal ma ci dee.} 2x

Mim Ré Mim Lam Si⁷
2.) Mbote mu mat mi amuloo sikk. Ñu tuur sa deret daaj la ci bant.
Lam Mim Ré Mim
Malaakam dee jéggil sama kër. Wóolu naa sama Boroom bi.
Lam Mim Ré Mim Lam Mim Si⁷ Mim
{Yeesu, Yeesu sama Musalkat. Yeesu, Yeesu musal ma ci dee.} 2x

## 35. Cant ñeel na Boroom bi {Lukk 1:68-70}

AIR: Cherish That Beautiful Name
[MODERATO: sans percussion]

Ré Mim La⁷ Ré
1.) Cant ñeel na Boroom bi, ndaxte wallusi na bàkkaarkat yi,
Ré⁷ Mim La⁷ [Sol La⁷] Mim Ré
Ba jot képp ku gëm Almasi bi. Cant ñeel na Boroom bi!

Ré Mim La⁷ Ré
2.) Feeñal na nu Musalkat, ni mu ko yéglee woon bu yàgg,
Ré⁷ Mim La⁷ [Sol La⁷] Mim Ré
Jaarale ko ci ay yonentam. Cant ñeel na Boroom bi!

Ré Mim La⁷ Ré
3.) Yàlla yónni na Ki mu digewoon, ngir leeral ñi toog ci lëndëm,
Ré⁷ Mim La⁷ [Sol La⁷] Mim Ré
Ngir jiite nu ci yoonu jàmm. Cant ñeel na Boroom bi!

Ré Mim La⁷ Ré
4.) Mu ngi tudd Yeesu Krist, Doomu Aji Kawe ji,
Ré⁷ Mim La⁷ [Sol La⁷] Mim Ré
Musalkat bu am doole bi! {Cant ñeel na Boroom bi!} 2x

# 36. Yeesu ñëwoon na {1 Timote 1:15}

**Do Sol Do Fa Sol**
Yeesu ñëwoon na ci àddina si, Aléluya!
**Do Sol Do Sol Do**
Yeesu ñëwoon na ci àddina si, Aléluya!

**Do Sol Do Fa Sol**
Mu yégle ci mbiru nguuru Yàlla, Aléluya!
**Do Sol Do Sol Do**
Mu yégle ci mbiru nguuru Yàlla, Aléluya!

**Do Sol Do Fa Sol**
Ñi wopp ñëw ci Moom te mu wéral leen, Aléluya!
**Do Sol Do Sol Do {La$^7$}->**
Ñi wopp ñëw ci Moom te mu wéral leen, Aléluya!

**Ré La Ré Sol La**
Mu joxe bakkanam ngir musal nun ñépp, Aléluya!
**Ré La Ré La Ré**
Mu joxe bakkanam ngir musal nun ñépp, Aléluya!

**Ré La Ré Sol La**
Mu génn bàmmeel ba te daan Seytaane, Aléluya!
**Ré La Ré La Ré**
Mu génn bàmmeel ba te daan Seytaane, Aléluya!

**Ré La Ré Sol La**
Mu ngiy dund tey te musal ku gëm, Aléluya!
**Ré La Ré La Ré {Si$^7$}->**
Mu ngiy dund tey te musal ku gëm, Aléluya!

**Mi Si$^7$ Mi La Si$^7$**
Dina dellusi te jël ma ak Moom, Aléluya!
**Mi Si$^7$ Mi Si$^7$ Mi**
Dina dellusi te jël ma ak Moom, Aléluya!

**Mi Si$^7$ Mi La Si$^7$**
Bëgg naa Yeesu te màggal turam, Aléluya!
**Mi Si$^7$ Mi Si$^7$ Mi**
Bëgg naa Yeesu te màggal turam, Aléluya!

# 37. Yonent Yàlla yi {Sabóor 22; Esayi 53; Yowanna 1}

[Sugggeré: CAPOT]
[Alternatif: Sol = La
Ré = Mi
Do = Ré
Lam = Sim
Mim = Fa#m
Ré7 = Mi7]

**Sol Do Ré7**
1.) {Dawuda, Dawuda,} 2x
**Sol Ré Do Ré7 Sol Ré Do Ré7**
{Yonent Yàlla Dawuda moo wax lii ci Almasi bi:} 2x
**Lam Ré7 Sol Mim Lam Ré7 Sol Mim**
Ni gaynde guy yëmmu, ay noonam wër ko, song ko.
**Do Ré Sol Mim Lam Ré7 Sol Mim**
Bënn ay loxoom ak ay tànkam, séddoo nañu ay yéreem,
**Do Ré7 Sol Mim Do Ré7 Sol Mim Ré Do Ré7**
Tegoo ay bant mbubbam, tëral ko ci pëndu dee.
**Do Ré7 Sol Ré Do Ré7**
Tëral ko ci pëndu dee.

[Entre strophes: **Sol Ré Do Ré7** ]

**Sol Do Ré7**
2.) {Esayi, Esayi,} 2x
**Sol Ré Do Ré7 Sol Ré Do Ré7**
{Yonent Yàlla Esayi moo wax lii ci Almasi bi:} 2x
**Lam Ré7 Sol Mim Lam Ré7 Sol Mim**
Yàlla yen ko seeni tooñ, mel ni xar mu ñu rendi.
**Do Ré Sol Mim Lam Ré7 Sol Mim**
Moo gàddu sunuy bàkkaar. Fey na leen ak bakkanam.
**Do Ré7 Sol Mim Do Ré7 Sol Mim Ré Do Ré7**
Jébbale na dundam ba dee, yenu bàkkaari ñu bare
**Do Ré7 Sol Ré Do Ré7**
Fey na leen ak bakkanam.

[Entre strophes: **Sol Ré Do Ré7** ]

**Sol Do Ré7**
3.) {Yaxya, Yonent Yaxya,} 2x
**Sol Ré Do Ré7 Sol Ré Do Ré7**
{Yonent Yàlla Yaxya moo wax lii ci Almasi bi,} 2x
**Lam Ré7 Sol Mim Lam Ré7 Sol Mim**
Bi Yaxya gisee Yeesu, muy ñëw ci Moom, mu ne:
**Do Ré Sol Mim**
Xoolleen! Moo di mbotem Yàlla,
**Lam Ré7 Sol Mim Do Ré7 Sol Mim**
Mi ñu nara rey ngir dindi bàkkaaru àddina.
**Do Ré7 Sol Mim Ré Do Ré7**
Yeesu, moo di Musalkat bi,
**Do Ré7 Sol Ré Do Ré7 Sol**
Yeesu, mooy Almasi bi.

## 38. Almasi bi* {Njàlbeen ga 3:15; 1 Yowanna 3:8}

AIR: Je veux célébrer (modifié) / I Will Celebrate

**Lam Rém Mi Lam Mi Lam Mi**
{Almasi bi, Almasi bi ñëw ngir daan Seytaane.} 2x

**La Rém Sol Do Rém Mi**
1.) Moom, moo di tëcc boppu jaan ji nekk Seytaane.
**La Rém Sol Do Rém Mi Lam**
Dina leen yëkkati te dingeen yilif àddina si.

**La Rém Sol Do Rém Mi**
2.) Dina nasaxal jëfi Ibliis ba goreel leen.
**La Rém Sol Do Rém Mi Lam**
Dina nasaxal jëfi Ibliis ba goreel leen.

**La Rém Sol Do Rém Mi**
3.) Yàlla dina leen musal ci dooley Seytaane
**La Rém Sol Do Rém Mi Lam**
Yàlla dina leen yóbbu ci nguuru Yeesu Krist.

*Almasi bi: mu ngiy tekki: Ki Yàlla fal.

## 39. Mbind mi wax ne {Efes 2:8,9; Jëf ya 26:22-27}

AIR: Grace Greater Than Our Sin

**Sol Ré7 Sol Ré Sol**
1.) Mbind mi wax ne: Ku jub amul, ku nekk a bàkkaar, ba jotul Yàlla.
**Sol Ré7 Sol Ré Mim Lam Sol Ré Sol**
Naka la tooñkat mana jube ci kanamu Aji Sell ji?
**Sol Do Sol Ré7 Sol Do Sol**
Ci yiwu Yàlla ngeen mucce, te loolu jógewul ci yeen.
**Sol Do Sol Ré7 Sol Ré Sol**
Ci yiwu Yàlla ngeen mucce, ci kaw ngëm ci Krist ak deretam.

**Sol Ré7 Sol Ré Sol**
2.) Yalla, ci jamano yu jëkk ya, santaane woon saraxi mbote.
**Sol Ré7 Sol Ré Mim Lam Sol Ré Sol**
Dañu doon misaal Ki naroona dee, ni sarax ngir fey bàkkaar yi.

**Sol Ré7 Sol Ré Sol**
3.) Yonent Yàlla yépp yéglewoon: Yàlla dina joxe Mboteem mu Sell
**Sol Ré7 Sol Ré Mim Lam Sol Ré Sol**
Mu tuur deretam ci bant ngir nun. Ndax gëmuloo y o n e n t yi?

**Sol Ré7 Sol Ré Sol**
4.) Xoolleen! Mbotem Yàlla mi gàddu sunu njubadi ak alkande.
**Sol Ré7 Sol Ré Mim Lam Sol Ré Sol**
Mbugal gi nu may jàmm, Moom la dal. Lu tax doo nangu saraxam?

# 40. Nu ngiy yéene {Jëf ya 26:17,18}

AIR: Evenou Shalom Alerem (Mélodie Juive)

**Rém La7 Rém Solm**
1.) Mbokk yi, salamaleekum, mbokk yi, salamaleekum.
**La7 Rém La7 Rém**
Mbokk yi, salamaleekum, mbokk yi, sala, sala, salamaleekum.

**Rém La7 Rém Solm**
2.) Nu ngiy yéene mbégte mi, nu ngiy yéene mbégte mi,
**La7 Rém La7 Rém**
Nu ngiy yéene mbégte mi, nu ngiy yéene mbégte mi, mbégte ci Yeesu!

**Rém La7 Rém Solm**
3.) Nu ngiy yéene jàmm ji, nu ngiy yéene jàmm ji,
**La7 Rém La7 Rém**
Nu ngiy yéene jàmm ji, nu ngiy yéene jàmm ji, jàmm ci Yeesu!

**Rém La7 Rém Solm**
4.) Nu ngiy yéene mbëggeel gi, nu ngiy yéene mbëggeel gi,
**La7 Rém La7 Rém**
Nu ngiy yéene mbëggeel gi, nu ngiy yéene mbëggeel gi, mbëggeel ci Yeesu!

**Rém La7 Rém Solm**
5.) Nu ngiy yéene mbégte mi, nu ngiy yéene jàmm ji,
**La7 Rém**
Nu ngiy yéene mbëggeel gi,
**La7 Rém**
Nu ngiy yéene mbégte, jàmm, mbëggeel ci Yeesu!

# 41. Sàmm bu baax bi {Yowanna 10:11, 27-30}

**Do Sol Do**
Yeesu nee maay Sàmm bu baax bi.} 4x

**Do Fa Do Fa Do Sol**
1.) Samay xar dinañu dégg sama baat, xam naa leen te ñu ngi may topp.
**Do Fa Do Fa Do Sol Sol7**
Dama leen di jox dund gu dul jeex, duñu sànku mukk!

**Do Fa Do Fa Do Sol**
2.) Kenn du jële sama xar ci sama loxo. Baay bi ma leen jox moo gëna màgg lépp,
**Do Fa Do Fa Do Sol Sol7**
Te kenn mënula jële dara ci loxob Baay bi!

## 42. Leeru Àddina si {Yowanna 8:12}

**Sim Fa#m Sim Fa#m Sim Fa#m Sim Fa#m**
Lëndëm gi yilif na, ñépp a bàkkaar moo tax,
**Sim Mim Sim Fa#m Sim Sol**
Doon nanu ay jaam, tëju ci lëndëm.
**Ré Fa#m Sol Ré Sim Sol Ré**
Leeru Àddina si feeñ na ci lëndëm gi
**Ré Fa#m Sim Sol**
Leeru Àddina si
**Mim Ré Fa#m Sol**
{Tasaare na lëndëm gi} 3x
**Sol Ré**
Di leeral nit ñi.

**Sim Fa#m Sim Fa#m Sim Fa#m Sim Fa#m**
Lëndëm gi yilif na, ñépp a ragal safara
**Sim Mim Sim Fa#m Sim Sol**
Doon nanu ay jaam, tëju ci lëndëm
**Ré Fa#m Sol Ré Sim Sol Ré**
Leeru Àddina si feeñ na ci lëndëm gi
**Ré Fa#m Sim Sol**
Leeru Àddina si
**Mim Ré Fa#m Sol**
{Mooy Yeesu Krist Boroom bi} 3x
**Sol Ré**
Ki leeral nit ñi.

## 43. Yeesu ne: Maay Yoon wi {Yowanna 14:6}

**Do Fa Do Sol**
Yeesu ne: Man maay Yoon wi, Dëgg gi, ak Dund gi.
**Do Fa Do Sol Do**
Kenn du ñëw ci Yàlla Baay bi, te jaarul ci Man!

[Pour monter: **Do - Fa - Sol {La$^7$}--> Ré - Sol - La {Si$^7$}--> Mi - La - Si$^7$**]

# 44. Moo tudd Yeesu Krist {Yowanna 1-15}

**Mim** **Ré**
{Yeesu, moo tudd Yeesu Krist. Yeesu, moo di Buur bu màgg bi.} 2x

**Mim** **Ré** **Mim**
1.) Yeesu moo di Kàddug Yàlla. (AWU)

**Mim** **Ré** **Mim**
2.) Yeesu moo di Mbotem Yàlla. (AWU)

**Mim** **Ré** **Mim**
3.) Yeesu mooy Ñam wiy joxe dund gi. (AWU)

**Mim** **Ré** **Mim**
4.) Yeesu moo di Sàmm bu baax bi. (AWU)

**Mim** **Ré** **Mim**
5.) Yeesu moo di Garab gu wóor gi. (AWU)

**Mim** **Ré** **Mim**
6.) Yeesu moo di sama Boroom. (AWU)

**Mim** **Ré** **Mim**
7.) Yeesu moo di sama Xarit. (AWU)

**Mim** **Ré** **Mim**
8.) Amul kenn ku ëpp Yeesu. (AWU)

# 45. Yàlla dafa bëgg àddina {Yowanna 3:16}

**Sol** **Ré**
Ndaxte Yàlla dafa bëgg àddina, ba joxe jenn Doomam ji mu am kepp,
**Sol Ré Sol**
Ngir képp ku ko gëm, am dund gu dul jeex, te doo sànku mukk!

[Pour monter: **Sol - Ré - Sol {Mi$^7$}--> La - Mi - La**]

## 46. Dee na ngir man {1 Yowanna 2:2}

AIR: Wounded for Me [TEMPO 6/8]

Do Fa Sol Do
1.) Dee na ngir man! Dee na ngir man!
Sol Sol Sol$^7$
Yeesu, Doom' Yàlla, moo deewoon ngir man!
Do Sol Fa
Deretam, moo raxas samay bàkkaar,
Do Sol Do
Yeesu, Doom' Yàlla, moo deewoon ngir man!

2.) Dee na ngir yaw...
3.) Dee na ngir nun...

## 47. Yeesu dee na ci bant {Lukk 23}

AIR: Attaché à la Croix pour moi

Do Fa Sol Sol$^7$ Do
1.) Yeesu Krist, Musalkatu bàkkaarkat, mayewoon na dundam ngir nun,
Fa Sol Sol$^7$ Do
Ngir nu am dund gu dul jeex mukk, dinanu dem ca kaw ak Moom.

Do Sol Sol$^7$ Do
Yeesu dee na ci bant ngir man, Yeesu dee na ci bant ngir man.
[Do$^7$] Fa Do Sol Do
Yeesu Krist dindi na sama bàkkaar yépp, bi mu deewee ci bant ngir man.

Do Fa Sol Sol$^7$ Do
2.) Sunu Musalkat ak sunu Boroom, man na noo wommat bés bu nekk,
Fa Sol Sol$^7$ Do
Ndaxte xam na yooni àddina yépp, te man nanu koo wóolu rekk.

Do Fa Sol Sol$^7$ Do
3.) Naka xar ma réeroon ca biir àll ba, réeroon nanu ci biir bàkkaar,
Fa Sol Sol$^7$ Do
Waaye gindi na nu cig cofeelam, ba nu nekkee niki ay xar.

## 48. Mu ngiy dund tey! {Lukk 24}

Mim
{Yeesu sama Boroom mu ngiy dund tey,
Ré Mim
Moo tax dama bég te duma ragal dee!} 2x

->

Mim Ré
1.) Dencoon nañu Yeesu ca biir bàmmeel ba.
Mim
Suul nañu ko ak aw doj wu réy.
Waaye dee mënul denc Yeesu.
Ré Mim
Kon nag génn na bàmmeel ba te mu ngiy dund tey!

Mim Ré
2.) Yeesu feeñu na ay taalibeem.
Mim
Won leen fu ñu daajoon pont ya ci ay loxoom.
Wax leen ne am na caabiy dee,
Ré Mim
Ndaxte Yeesoo daaneel Ibliis bés bi mu dekkee!

## 49. Bàmmeelam amul dara! {Lukk 24:6}

Ré Sol La Ré Sol La
1.) Bàmmeelam amul dara. Néew ba nekkatu fa.
Ré Sol Ré Sol Ré Sol Ré
Yeesu, Yeesu Boroom bi dekki na. Moo daan dee. Moo daan dee.
Sol Ré La$^7$ Ré
Yeesu Krist rekk, moo daan dee!

Ré Sol La Ré Sol La
2.) Yeesu mooy seen yaakaar. Waratuleen ragal dee.
Ré Sol Ré Sol Ré Sol Ré
Yeesu dekki na. Man na la dekkil. Moo la may dund. Moo la may dund.
Sol Ré La$^7$ Ré
Yeesu mooy maye dund ba fàww!

Ré Sol La Ré Sol La
3.) Yeesu, mooy seen yaakaar. Ngir seen waa kër yépp.
Ré Sol Ré Sol Ré Sol Ré
Yeesu dekki na. Man na leen dekkil. Moo la may dund. Moo la may dund.
Sol Ré La$^7$ Ré
Yeesu mooy maye dund ba fàww!

Ré Sol La Ré Sol La
4.) Bàmmeelam amul dara. Néew ba nekkatu fa.
Ré Sol Ré Sol Ré Sol Ré
Yeesu, Yeesu Boroom bi dekki na. Moo daan dee. Moo daan dee.
Sol Ré La$^7$ Ré
Yeesu Krist rekk, moo daan dee!

## 50. Yeesu yelloo na cant {Room 5:12; 6:23}

Ré La Sol Ré La Sol Ré
1.) Bàkkaar dugg na àddina, moo waral dee. Dee daldi law ci nit ñépp.
La Sol Ré La Sol Ré
Yeesu dekki na, noot na dee. Moo di maye dund ba fàww.

Ré Sol Ré Sol Ré $La^7$ Ré
Yeesu, yelloo na cant, ndam ak tagg ak teraanga ba fàww. [Woyal: tagg-a]
Sol Ré Sol Ré $La^7$ Ré
Kii, mooy dekkil ay néew, musal ci dee, may leen dund ba fàww.

Ré La Sol Ré La Sol Ré
2.) Néew amul doole. Bëtam mënula gis. Noppam mënula dégg dara it.
La Sol Ré La Sol Ré
Yeesu dekki na, noot na dee. Moo di maye dund ba fàww.

Ré La Sol Ré La Sol Ré
3.) Néew mënula musal. Mënu leen dekkil. Yàlla moo wàcce, firnde jii.
La Sol Ré La Sol Ré
Yeesu dekki na, noot na dee. Moo di maye dund ba fàww.

## 51. Doy na {Yawut 10:14-23}

AIR: Il suffit pour moi
[TEMPO 6/8: MODERATO: sans percussion / arpège]

Do Sol Do Sol $Sol^7$
Doy na, doy na ci man. Doy na, doy na ci man.
Do Fa Do Sol Do Fa Do
Su deretu Yeesu doyee ci Yàlla, doy na, doy na ci man!

## 52. Krist Yeesu jóg na {Kolos 2:15}

AIR: Jésus élevé, Satan terrassé

Do Sol Do
{Krist Yeesu jóg na. Seytaane daanu na.} 2x
Do $Sol^7$ Do
{Santal Yàlla! Santal Yàlla! Santal Yàlla! Santal Yàlla!} 2x

# 53. Céy Yaw sa ndam li! {2 Timote 1:9-12}

AIR: A Toi la gloire! / Thine Be the Glory

**Do** **Sol7**
1.) Céy Yaw sa ndam li, Yaw mi dekki tey,
**Do** **Fa** **Sol** **Do**
Céy Yaw sa ngañaay li, noot nga dee ba fàww!
**Do** **Sol7** **Lam** **Mi**
Malaaka ma wàcc na, leer ni jant bi,
**Lam** **Ré** **Ré7** **Sol**
Daldi randal xeer wa, uboon bàmmeel ba.

**Do** **Sol7**
Céy Yaw sa ndam li, Yaw mi dekki tey,
**Do** **Fa** [**Do**] **Sol** **Do**
Céy Yaw sa ngañaay li, noot nga dee ba fàww!

**Do** **Sol7**
2.) Gisal, mu génn! Moom la, Yeesu la,
**Do** **Fa** **Sol** **Do**
Sa Musalkat baa ngii, Bul gëmadeeti!
**Do** **Sol7** **Lam** **Mi**
Nekkleen ci mbégte, gaayi Boroom bi,
**Lam** **Ré** **Ré7** **Sol**
Te ngeen wax bu kawe, Yeesu dàq na!

**Do** **Sol7**
3.) Dootuma ragal, Mu ngiy dund fàww,
**Do** **Fa** **Sol** **Do**
Yeesu mi ma sopp, Buurub jàmm ji,
**Do** **Sol7** **Lam** **Mi**
Mooy sama ngañaay li, mooy sama yaakaar,
**Lam** **Ré** **Ré7** **Sol**
Maa ngiy dunde nguuram, duma ragal mukk!

## 54. Bésub dee {Yawut yi 9:14,15}

AIR: Jehovah Jireh

Mim Lam Mim Ré
Bésub dee, bi Yeesu faatoo, tuuroon na deretam
Mim
Ngir yeen, ngir yeen!
Lam Mim Ré Mim
Bésub dee, bi Yeesu faatoo, tuuroon na deretam ngir yeen!

Mim Lam Mim
Deretu Yeesu dina leen sellal ci bépp bàkkaar, tey jii ba fàww!
Lam Mim Ré
Deretu Yeesu dina leen sellal, tuuroon na deretam
Mim
Ngir yeen, ngir yeen!
Ré Mim
Tuuroon na deretam ngir yeen!

## 55. Alxamdulilaay!* {1 Yowanna 3:5}

Ré Sol Ré Sol Ré La Ré
{Alxamdulilaay! Alxamdulilaay! Alxamdulilaay!} 2x

Ré Sol Ré Sol Ré
1.) Yeesu, fey na samay bàkkaar. Fey na samay bàkkaar,
Sol La Ré
{Bi mu jébbalee dundam ba dee.} 2x

Ré Sol Ré Sol Ré
2.) Yeesu, fey na seeni bàkkaar. Fey na seeni bàkkaar,
Sol La Ré
{Bi mu jébbalee dundam ba dee.} 2x

Ré Sol Ré Sol Ré
3.) Yeesu, fey na samay bàkkaar. Fey na seeni bàkkaar,
Sol La Ré
{Bi mu jébbalee dundam ba dee.} 2x

*Alxamdulilaay: Baatu Arab la buy tekki: Sant Yàlla.

## 56. Yàlla moo sell {Yawut yi 12:14, 29; 10:14}

[**Ré** / avec percussion seulement]

{Yàlla moo sell, sell, sell} 3x
Te mënul am lu laabul ci jetaayam bu sell!
{Yàlla yónnee na nu Yeesu} 3x
Te kepp ku jaar ci Moom dina texe laaxira.

## 57. Buleen ragal {Esayi 35:4-6,10}

**Do Fa Do**
{Buleen ragal, na ngeen dëgër-dëgërlu
**Fa Do Sol Sol7** [FINE: **Do**]
Seen Yàlla dina ñëw ngir musal leen.} 2x

**Do Fa Do Fa Do Sol7**
1. {Dina ubbi bëti gumba yi. Noppi ku tëx dina ubbiku.} 2x

**Do Fa Do Fa Do Sol Sol7**
2. {Ku làggi dina tëbb mel ni kéwél. Ku muuma xaacu ak mbég mu réy.} 2x

**Do Fa Do Fa Do Sol Sol7**
3. {Naqar dina wéy. Day dekkil ñi gëm. Mbég ak bànneex ñoo leen di fees.}2x

## 58. Turu Yeesu {Macë 1:21-23; Jëf ya 4:12}

**Do Mim Fa Rém7 Sol7**
{Turu Yeesu mu ngiy tekki: Yàlla jiy Musale} 2x

**Fa Sol Do Mim Fa Sol Do Lam**
1.) Yeesu moo di Musalkat bi. Yeesu moo di Musalkat bi.
**Fa Do**
Am na yonent yu bare.
**Fa Do Fa Sol Fa Mim Fa Mim Fa Sol**
Waaye benn Musalkat rekk bi Yàlla yónni moo leen di m u s a l.

**Fa Sol Do Mim Fa Sol Do Lam**
2.) Yeesu moo di Musalkat bi. Yeesu moo di Musalkat bi.
**Fa Do**
Moo leen di musal,
**Fa Do Fa Sol Fa Mim Fa Mim Fa Sol7**
Ci àtteb bàkkaar, ci Seytaane ak ci s a f a r a si.

# 59. Maay Dund gi {Yowanna 11:25; 5:24; Peeñu bi 1:18}

**Mim Sol Mim Sol**
Man, maay Dund gi, Maay dekkil nit ñi,
**Do Ré Do Mim**
Ku ma gëm, boo deeyee it, dinga dund.
**Sol Mim Sol**
Man, maay Dund gi, Maay dekkil nit ñi,
**Do Ré Do Mim**
Bés bu mujj ba, man maay dekkil ñi gëm.

**Mim Ré Mim**
1.) Lasaar, sama xarit gëm na ma.
**Ré Mim**
Ñeenti fan la nekk ca bàmmeel ba.
**Ré Do La**
Sant naa néew booba, mu-génn-te-dund.

**Mim Ré Mim**
2.) Bu ñu daaneelee sama bakkan
**Ré Mim**
Ma di ko yëkkati ci ñetti fan.
**Ré Do La**
Dinaa dekki ci dee te dund ba fàww.

**Mim Ré Mim**
3.) Yeesu ne na: Maay Aji Kiy Dund
**Ré Mim**
Deewoon naa, waaye maa ngiy dund ba fàww.
**Ré Do La**
Man, maa yor caabiy dee ak ju barsàq.

**Mim Ré Mim**
4.) Ci dëgg-dëgg maa ngi leen koy wax
**Ré Mim**
Képp ku ma gëm doo jaar ca àtte ba.
**Ré Do La**
Dinga génn ci dee te tàbbi ci dund.

# 60. Yeesu, Yeesu, Yeesu {Yow. 14:6; 1:14, 29}

**La Mi La Mi La Mi La Mi**
Yeesu (Yeesu), Yeesu, (Yeesu), Yeesu, {Moo di Aji Kiy Dund} 2x
**La Mi La Mi**
Deewoon na waaye dekki na. Mu ngiy dund ba fàww.
**La Mi Fa# La Mi**
Yeneen yonent yiy nelaw ci suuf, moo tax ma topp Yeesu . . .

**La Mi La Mi La Mi La Mi**
Yeesu (Yeesu), Yeesu, (Yeesu), Yeesu, {Mooy Kàddu Yàlla gi} 2x
**La Mi La Mi La Mi**
Moo di Dëgg gi. Moo di Dund gi. Moo di Yoonu Yàlla wi.
**La Mi Fa# La Mi**
Kenn du dem àjjana, su jaarul ci Yeesu.

**La Mi La Mi La Mi La Mi**
Yeesu (Yeesu), Yeesu, (Yeesu), Yeesu, {Moo di Ndekkite li} 2x
**La Mi La Mi**
Moo di dekkil néew yi. Moo di Àttekat bu Màgg bi.
**La Mi Fa# La Mi**
Moo di Buuru buur yi, moo tax ma topp Yeesu!

**La Mi La Mi La Mi La Mi**
Yeesu (Yeesu), Yeesu, (Yeesu), Yeesu, {Moo di Rammukat bi} 2x
**La Mi La Mi**
Moo di Mbotem Yàlla mi. Moo di Sarax su Mujj si.
**La Mi Fa# La**
Mooy Musalkatu Àddina si. Moo tax ma topp Yeesu!
**Fa# La Fa# La Fa# Mi**
Moo tax ma topp Yeesu! Moo tax ma topp Yeesu!

# 61. Yeesoo daan dee! {Room 6:9; Yawut 2:14,15}

**Ré La Do Ré La Do [ Sol] La**
{Yeesu dekki na. Yeesu dekki na. Yeesu dekki na. Moo daan dee!} 2x
**Do Sol Ré Do Ré**
1 .) Tas na dooley bàmmeel bi. Dee mënu ko denc.
**Do Sol Ré Do La**
Yeesu moo dindi seen coono, may leen dund ba fàww!

**Do Sol Ré Do Ré**
2 .) May na ma yaakaar ju wóor ji ci sama dund.
**Do Sol Ré Do La**
Yeesoo ma baal samay bàkkaar, dinaa dund ba fàww!

## 62. Yeesu dekki na {Room 10:9-13}

**Ré**
Yeesu dekki na. (Yeesu dekki na.)
**La**
Mu ngiy dund ba fàww. (Mu ngiy dund ba fàww.)
**Mi Mi$^7$**
Yeesu daan na dee. (Yeesu daan na dee.)
**La**
{Duma ragal dee. (Duma ragal dee.)} 2x
**La Ré La**
Ku am Yeesu, am nga dund ba fàww!
**Ré Mi Mi$^7$**
Ku am Yeesu, am nga dund ba fàww!

[Repetez la strophe]

## 63. Buuru buur yi {Peeñu bi 19:16}

AIR: Roi des rois / King of kings [Canon]

**Mi*m* Si$^7$ Mi*m***
{Buuru buur yi, Yeesu mi daan dee, Mu ngiy yilif ba fàww.} 2x
**Si$^7$ Mi*m***
{Yeesu ca ndeyjooru Yàlla lay toog, di tiim nit ñépp!} 2x

## 64. Ci yiwu Yàlla {Efes 2:8,9}

[MODERATO: arpège]

**Do Mi*m* Fa Do Fa Sol**
Ci yiwu Yàlla lanu mucce ci kaw sunu ngëm.
**Do Mi*m* Fa Do Fa Sol**
Mucc, mayu Yàlla la, jógewul ci sunu kàttan.
**Mi*m* Fa Do**
Mucc, du peyu jëf, kenn du ci kañu
**Mi*m* Fa Do Fa Sol$^7$ Do**
Mayu Yàlla ci Yeesu la. Yeesu moo fey sunu mucc.
**Fa Sol$^7$ Do La*m***
{Doo nangu mayu Yàlla?} 2x
**Fa Sol$^7$ Do Mi*m* Fa Sol$^7$ Do**
Mucc amul ci keneen, ci Yeesu rekk ngay mucce.

# 65. Yàlla aar na Kàddoom {1 Pieer 1:24,25}

AIR: I Will Call Upon the Lord

Ré Sol Ré Sol Ré
1.) Nit ñi dañoo nirook ñax. (Nit ñi dañoo nirook ñax.)
Sol Ré Sol Ré
Ñax mi dafay wow bu gaaw, (Ñax mi dafay wow bu gaaw,)
Sol Ré Sol Ré Sol
Kàddug Yàlla gi dafay sax ba fàww. (Kàddug Yàlla gi dafay sax ba fàww.)
Ré Sol Ré
Céy, Aji Kàttan ji! Aar na Kàddoom bés bu nekk.
Sol Ré La La7
Kenn du gis mukk soppiku ci yoonu Yàlla!
Ré Sol Ré
Céy, Aji Kàttan ji! Aar na Kàddoom bés bu nekk.
Sol Ré La Ré
Kenn du gis mukk soppiku ci yoonu Yàlla!

Ré Sol Ré Sol Ré
2.) Sa Kàddu ci dëgg la sax, (Sa Kàddu ci dëgg la sax,)
Sol Ré Sol Ré
Te it du deñ ba fàww. (Te it du deñ ba fàww.)
Sol Ré Sol Ré Sol
Kàddug Yàlla gi dafay sax ba fàww. (Kàddug Yàlla gi dafay sax ba fàww.)

Ré Sol Ré Sol Ré
3.) Asamaan ak suuf dinañu wéy, (Asamaan ak suuf dinañu wéy,)
Sol Ré Sol Ré
Sa Kàddu du wéy mukk. (Sa Kàddu du wéy mukk.)
Sol Ré Sol Ré Sol
Kàddug Yàlla gi dafay sax ba fàww. (Kàddug Yàlla gi dafay sax ba fàww.)

# 66. Krist mooy Boroom bi {Filipp 2:9-11}

AIR: Il est Seigneur / He Is Lord

Ré Lam Ré7 Sol Do Sol
Yeesu Krist, mooy Boroom bi!
La7 Lam Ré7
Génn na ci bammeel bi, mooy Boroom bi!
Sol Sol7 Do
Oom yépp dinañu sukk, làmmiñ yépp dinañu wax:
Sol Ré7 Sol Do Sol
Yeesu Krist mooy Boroom bi!

## 67. Ñaari yoon {Macë 7:13,14; 2 Pieer 3:9}

[TEMPO 6/8: sans percussion]

**Ré Fa#m Sol Mim**
Ñaari yoon, ñaari bunt,
**Ré Sim Mim La**
Wenn wi kaw la jëm, weneen wi sànku la jëm.
**Ré Fa#m Sol Mim**
Ñaari yoon, ñaari bunt,
**Ré Sim Mim La7 Ré**
Benn bi kaw la jëm, beneen bi sànku la jëm.

**Sol Ré Sol Ré Mim Sol Fa#m Sim**
1.) Yoonu Yàlla wi, yoonu Yàlla wi, sew na, sew na.
**Mim Sol La**
Ñi ciy jaar barewul.

**Sol Ré Sol Ré Mim Sol Fa#m Sim**
2.) Yoon wi jëm sànku, yoon wi jëm sànku, yaatu na, yaatu na.
**Mim Sol La**
Ñi ciy jaar bare na.

**Sol Ré Sol Ré Mim Sol Fa#m Sim**
3.) Buntu dund gu wóor, Buntu dund gu wóor, xat na lool, xat na lool.
**Mim Sol La**
Ñi ciy dugg barewul.

**Sol Ré Sol Ré Mim Sol Fa#m Sim**
4.) Bunt bi jëm sànku, bunt bi jëm sànku, yaatu na, yaatu na.
**Mim Sol La**
Ñi ciy dugg bare na.

## 68. Xarit, yeen ñi ñàkk jàmm {Yowanna 14:27}

AIR: The Great Physician Now Is Near [TEMPO 6/8]

**Do Fa Do Sol7 Do**
1.) Xarit, yeen ñi ñàkk jàmm, ñëwleen, Yeesu may leen ko,
**Fa Do Sol7 Do**
Jàmm ju yaa, mu sax ba fàww, ñëwleen, Yeesu mu baal leen.

**Do Sol7 Do Sol7 Do**
Bu Yeesu feesee xolu nit, day fees ba tuuru ak bànneex,
**Sol7 Do**
Tiitaange dootu ko dab mukk! Yeesu, Yeesu, Yeesu!

->

**Do** **Fa Do** **Sol⁷ Do**
2.) Yeen ñiy def bàkkaar bés bu jot, te jaar ci yoonu sànku,
**Fa** **Do** **Sol⁷ Do**
Ñëwleen Yeesu dagg buum yi, ngeen ànd ak Moom, di sell.

**Do** **Fa Do** **Sol⁷ Do**
3.) Yeen ñi di lox ngir ragal dee, ñëwleen, Yeesu musal leen.
**Fa Do** **Sol⁷ Do**
Ñëwleen, Yeesu Musalkat bi, dammat na dooley bàmmeel!

## 69. Yeesu moo di fëgg {Peeñu bi 3:19, 20}

AIR: Somebody's Knocking at Your Door / This Train Is Bound for Glory

**Ré** **Sol** **Ré Sol** **Ré** **Sol** **La** **La⁷**
Am na kenn ku taxaw ci sa bunt. Am na kenn ku taxaw ci sa bunt.
**Ré** **Sol**
Yaw, bàkkaarkat bi, doo ko wuyu?
**Ré** **Sol** **Ré** **Sol** **Ré**
Am na kenn ku taxaw ci sa bunt.

**Ré** **Sol** **Ré** **Sol** **Ré** **Sol** **La** **La⁷**
Yeesu moo di fëgg ci sa bunt. Yeesu moo di fëgg ci sa bunt.
**Ré** **Sol**
Yaw, bàkkaarkat bi, doo ko wuyu?
**Ré** **Sol** **Ré** **Sol** **Ré**
Yeesu moo di fëgg ci sa bunt.

**Ré** **Sol** **Ré Sol** **Ré** **Sol** **La** **La⁷**
Yeesu, agsil ci sama dund. Yeesu, agsil ci sama dund.
**Ré** **Sol**
Yeesu miy Buur bi, di sama xarit
**Ré** **Sol** **Ré** **Sol** **Ré**
Yeesu agsil ci sama dund.

**Ré** **Sol** **Ré Sol** **Ré** **Sol** **La** **La⁷**
Yeesu, soppil sama dund. Yeesu, soppil sama dund.
**Ré** **Sol**
Yaw, Aji Kàttan ji, di Boroom xam-xam bi.
**Ré** **Sol** **Ré** **Sol** **Ré**
Yeesu, soppil sama dund.

## 70. Kaay! Bul werante! {Esayi 1:18; Macë 11:28-30}

AIR: Blanc, plus blanc que neige

**Do** **Sol7**
1.) Yaw mi sa xol a ngi lëndëm, ñëwal ci Yeesu mu leeral ko.
**Do** **Sol7** **Do**
Yaw mi sa yaakaar a ngi tas, ñëwal ci Yeesu mu musal la!

**Do** **Sol** **Sol7** **Do**
Kaay, bul werante, kaay! Kaay, bul werante, kaay!
**Fa** **Do** **Sol7** **Do Fa Do**
Su la deretu Yeesu sangee, sa xol dina gëna weex ni meew.

**Do** **Sol7**
2.) Yaw mi sa bàkkaar a ngi réy, te say jëf duñu ko mana fey,
**Do** **Sol7** **Do**
Yaw miy làmbatu ngir am jàmm, ñëwal ci Yeesu, mu baal la tey!

**Do** **Sol7**
3.) Dégg naa sa baat, Yaw Yeesu, wóor na ma ne dee nga ngir man,
**Do** **Sol7** **Do Fa Do**
Maa ngi ci say tànk di réccu, dinaa jóg, am jàmm ba abadan!

## 71. Dégluleen tey {Yawut 4:2}

AIR: Ecoutez cette bonne nouvelle

**Ré** **La** **La7** **Ré**
1.) Dégluleen tey ma wax leen li ma gis, ci mbëggeel, ci mbëggeelu Yeesu.
**Sol** **Ré** **La** **Sol** **Ré**
Dafa dee ngir gàddu sunuy bàkkaar, dafa dee ngir yóbbu nu ci kaw.

**Ré** **La** **La7** **Ré**
Sama xol mu ngi nii Yeesu, sama xol mu ngi nii Yeesu

Tiis wi nekkoon ci man,
**Sol** **Ré** **La** **Sol Ré**
Deñ na bés naka tey, deñ na bés naka tey, Sang bi.

**Ré** **La** **La7** **Ré**
2.) Képp ku ko gëm te nangu turam, may na la nga nekk doomu Yàlla.
**Ré7** **Sol** **Ré** **La** **Sol** **Ré**
Te sa xol dina mel naka perkaal, ndaxte deretam dina la raxas.

**Ré** **La** **La7** **Ré**
3.) Yeesu rekk moo ko man, lii kéemaan la, Yàlla defoon na ko ngir nun.
**Ré7** **Sol** **Ré** **La** **Sol** **Ré**
Jàngal ci biir Biibal bi nga xam ko, def ko ci sa xol mu jeriñ la.

## 72. Xool te mucc {Yow. 3:14,15; Esa. 45:22; Jëf ya 20:21}

AIR: Look and Live

**Ré La Ré Sol Ré La7 Ré**
Am naa xebaar ci Yàlla, aléluya, am naa xebaar bu baax ngir yaw!
**Ré La Ré Sol Ré La7 Ré**
Kàddug Yàlla wax na ne, aléluya, boo xoolee ci Yeesu, dinga mucc!
**Ré Mi7 La**
Xool te mucc, o tooñkat mucc! Xoolal ci Yeesu te mucc!
**La7 Ré La Ré Sol Ré La7 Ré Sol Ré**
Kàddug Yàlla wax na ne, aléluya, boo xoolee ci Yeesu, dinga mucc!

## 73. Yàlla nee na... {1 Yow. 1:7-9; Yawut yi 13:5,6}

AIR: Marvel Not that I Say Unto You [TEMPO 6/8]

**Sol Do Sol Ré7 Sol**
Yàlla nee na, soo ma waxee say tooñ, Yàlla nee na, soo ma waxee say tooñ,
**Do Sol Ré Ré7 Sol**
Yàlla nee na, soo ma waxee say tooñ, dinaa la ko baal lépp.

**Sol Do Sol Ré7 Sol**
Deretu Yeesu man na la sellal, deretu Yeesu man na la sellal,
**Do Sol Ré Ré7 Sol**
Deretu Yeesu man na la sellal, lu sa biir xol ñaaw-ñaaw.

**Sol Do Sol Ré7 Sol**
Dinaa def jàmm ju yaa ci sa xol, dinaa def jàmm ju yaa ci sa xol,
**Do Sol Ré Ré7 Sol**
Dinaa def jàmm ju yaa ci sa xol, dénk ma sa bopp ba fàww.

**Sol Do Sol Ré7 Sol**
Sama yiw doy na la sama gune, sama yiw doy na la, sama gune,
**Do Sol Ré Ré7 Sol**
Sama yiw doy na la sama gune, ci sa ñàkk doole.

**Sol Do Sol Ré7 Sol**
Soo awee yoonu nattu mbaa naqar, soo awee yoonu nattu mbaa naqar,
**Do Sol RéRé7 Sol**
Soo awee yoonu nattu mbaa naqar, duma la bàyyi mukk.

**Sol Do Sol Ré7 Sol**
Gannaaw Buur Yàlla ànd na ak man, gannaaw Buur Yàlla ànd na ak man,
**Do Sol Ré Ré7Sol**
Gannaaw Buur Yàlla ànd na ak man, ku may manal dara?

## 74. Kan mooy sa buur? {Macë 6:24}

[MODERATO: sans percussion]

**Sol Do Ré7 Sol Mim**
Kan mooy sa buur? Kan mooy sa buur? Kan mooy-yilif sa dund gépp?
**Do Ré7 Sol Ré**
Kan ngay màggal bés bu nekk? Kan nga wóolu ci léppam?
**Do Ré7 Sol Mim**
Kan mooy sa buur? Kan mooy sa buur? Fàww nga tànn! Bul yàgga xaar!
**Do Ré Sol Do Sol**
Sa bakkan aju na ci moom, ki ngay tànn!

**Sol Do Ré7 Sol Mim**
Yeesu mooy Buur, bi Yàlla tànn, ngir yilif sa dund gépp,
**Do Ré7 Sol Ré**
Nga-màggal ko bés bu nekk, nga-wóolu ko ci léppam.

## 75. Déggal Yàlla {Jëf ya 5:29; 2 Tesalonikk 1:8}

**Ré La**
Déggal Yàlla moo gën déggal nit. Déggal Yàlla moo gën déggal nit.
**Ré Do Sol Solm La La7 Ré**
Déggal Yàlla, déggal Yàlla, déggal Yàlla moo gën déggal nit.
**La Ré Sol Ré La7 Ré**
Déggal Yàlla, déggal Yàlla, déggal Yàlla, déggal Yàlla moo gën déggal nit.

## 76. Ñëwal ci Yeesu {Jëf ya 16:31}

AIR: Venez au Sauveur

**Sol Do Ré7 Do Sol**
1.) Ñëwal ci Yeesu, bul werante, ci Biibal bi jàngal kàddu gi,
**Do Ré Sol Do Sol**
Bëgg na la musal tey jii. Tàllal na la loxoom.

**Sol Do Ré**
Bég naa ci Yeesu, Musalkat bu baax bi,
**Ré7 Sol**
Ci bàkkaar yépp sama xol set na wecc,
**Do Ré Sol Do Sol**
Dinaa dëkk ak Moom ci kaw, di ko màggal ba fàww!

**Sol Do Ré7 Do Sol**
2.) Ñëwal bàkkaarkat, Yeesoo lay woo, dina la soppi cig cofeelam,
**Do Ré Sol Do Sol**
Yeesu joxe-na dundam ngir yaw, Moom rekk a lay musal.

## 77. Soppiku gu rafet {2 Korent 5:17; Room 8:9-29}

AIR: Since Jesus Came into My Heart

**Sol**
1.) Soppiku gu rafet, nekk naa nit ku bees,
**Do** **Sol**
Bi Yeesu duggee sama xol, bés bu lépp taaru la, te leer te rafet,
**La7** **Ré**
Bi Yeesu duggee sama xol.
**Sol** **Do** **Sol**
Bi Yeesu duggee sama xol, bi Yeesu duggee sama xol,
Bég naa lool ak bànneex, dootuma ragal dee,
**Do** **Sol** **Ré7** **Sol** **Do** **Sol**
Bi Yeesu duggee sama xol!

**Sol**
2.) Ci lu jëkk réeroon naa, toppoon naa sama yoon,
**Do** **Sol**
Bi Yeesu duggee sama xol, dindi na bàkkaar yépp, jàpp ma ci loxo,
**La7** **Ré**
Bi Yeesu duggee sama xol.

**Sol**
3.) Jàmm ji wàccoon na ak yaakaar ju dëggu,
**Do** **Sol**
Bi Yeesu duggee sama xol, dindi na sama ragal ak lëndëm gi yépp,
**La7** **Ré**
Bi Yeesu duggee sama xol.

**Sol**
4.) Sama dëkk abadan mooy ci kaw, xam naa ko,
**Do** **Sol**
Bi Yeesu duggee sama xol, foofa laay nekk ba fàww, waaw waxoon na ma ko,
**La7** **Ré**
Bi Yeesu duggee sama xol!

## 78. Nu ngi woon ci lëndëm gi {1 Pieer 2:9,10}

AIR: Nous étions dans les ténébres

**Sol** **Ré** **Ré7** **Sol** **Ré7** **Sol**
{Nu ngi woon ci lëndëm gi, ñàkk Yàlla, ñàkk yaakaar.} 2x
**Do** **Ré** **Sol** **Do**
Bi nu gisee Boroom bi, bi nu gisee Boroom bi, bi nu gisee Boroom bi,
**Ré** **Sol** **Ré7** **Sol**
May na nu dund gu sax!

## 79. Lu mana raxas bàkkaar? {1 Pieer 1:18-21}

AIR: Rien ne peut sauver mon ame / What Can Wash Away My Sin?

**Mi** **Si7 Mi**
1.) Lan moo mana raxas bàkkaar? Deretu Doom' Yàlla, Yeesu.
**Si7 Mi**
Lan moo mana joxe yaakaar? Deretu Doom' Yàlla, Yeesu.
**Mi Si7 Mi Si7 Mi**
Waaw, dafa baax, deretam, ji jóge ci yaramam,
**Si7 Mi Si7 Mi**
Dindi na bàkkaar itam, deretu Doom' Yàlla, Yeesu.

**Mi** **Si7 Mi**
2.) Fan laay ame jàmm ju neex? Deretu Doom' Yàlla, Yeesu.
**Si7 Mi**
Te ame dund gu dul jeex? Deretu Doom' Yàlla, Yeesu.

**Mi** **Si7 Mi**
3.) Samay jëf mënu ma musal, Deretu Doom' Yàlla, Yeesu.
**Si7 Mi**
Yiw' Yàlla ci Krist doy na daal, Deretu Doom' Yàlla, Yeesu.

## 80. Ci biir Biibal bi {2 Pieer 1:19}

AIR: C'est dans l'Evangile

**Do Fa Do Fa Do**
1.) Ci biir Biibal bi lanuy gis dund gi, ak jàmm, ak mbaal, ak mbégte.
**Fa Do Sol7 Do**
Nanu ubbi sunu xol ci may gu réy gi, te jàpp dund gu wóor gi.
**Do Fa Do Fa Do Sol7**
Ci kaw yoon wi ak sunu Boroom, nu ànd ak Moom di-woy ak-mbég.
**Do Fa Do Fa Sol Do**
Day musal, di faj, di dindi naqar, mu ngi nii, mu ngiy dund tey.

**Do Fa Do Fa Do**
2.) Nanu ànd ak Moom ci yoon wu sore wi, daf nuy yóbbu ci dëgg gi.
**Fa Do Sol7 Do**
Mbëggeelu Yeesu ci sunu xol la nekk, ba keroog mu nuy jëlsi.

# 81. Abram {Yawut yi 11:8-19}

AIR: Cornerstone [avec CAPOT (4e)] [Alternatif: La*m* = Ré*m*
Mi$^7$ = La$^7$
Ré*m* = Sol*m*
Do = Fa
Sol = Do$^7$]

**La*m* Mi$^7$ La*m* Ré*m* Mi$^7$**
1.) Yàlla Aji Sax ji, waxoon na Abram, ne ko:
**La*m* Mi$^7$ La*m* Ré*m* Mi$^7$**
Génnal ci sa réew, ak ci sa kër baay, ak ci sa mbokk yi.
**Ré*m* Sol Do La*m***
Te nga dem ci réew mi ma lay won,
**Ré*m* Sol Do**
Kon dig naa, dinaa barkeel ñu bare ci yaw.
**Ré*m* Sol Do La*m* Ré*m* Mi$^7$ La*m***
Te nga dem ci réew mi ma lay won, kon dig naa dinaa la barkeel.

**La*m* Mi$^7$ La*m* Ré*m* Mi$^7$**
2.) Yàlla Aji Sax ji, waxoon na Abram, ne ko:
**La*m* Mi$^7$ La*m* Ré*m* Mi$^7$**
Jëlal sa jenn doom ji, joxe ko sarax su ñuy lakk.
**Ré*m* Sol Do La*m***
Te nga dem di def li ma la waxoon,
**Ré*m* Sol Do**
Kon dig naa, dinaa barkeel ñu bare ci yaw.
**Ré*m* Sol Do La*m* Ré*m* Mi$^7$ La*m***
Te nga dem di def li ma la waxoon, kon dig naa dinaa la barkeel.

**La*m* Mi$^7$ La*m* Ré*m* Mi$^7$**
3.) Yàlla Aji Sax ji, waxoon na nu, ne nu:
**La*m* Mi$^7$ La*m* Ré*m* Mi$^7$**
Tuubleen seeni bàkkaar, te bayyi lépp te topp ma.
**Ré*m* Sol Do La*m***
Te nga dem di def li ma la waxoon,
**Ré*m* Sol Do La*m***
Kon dig naa, dinaa barkeel ñu bare ci yaw.
**Ré*m* Sol Do La*m***
Te nga dem di def li ma la waxoon.
**Ré*m* Mi$^7$ La*m***
{Kon dig naa dinaa la barkeel.} 3x

**DUNDU TAALIBEY KRIST:**

## 82. Sunu Baay {Macë 6:9-13}

[MODERATO: sans percussion]

**Do Fa Do Sol$^7$**
1.) Sunu Baay bi nekk ci kaw, na sa tur sell, na sa nguur ñëw,
**Do Fa Do Fa Do Sol$^7$ Do**
Na sa coobare am ci suuf mel ni ci kaw, sunu Baay, bi nekk ci kaw.

**Do Fa Do Sol$^7$**
2.) May nu tey li nu wara dunde, te baal nu sunuy tooñ,
**Do Fa Do Fa Do Sol$^7$ Do**
Ni nu baale ñi nu tooñ, sunu Baay bi nekk ci kaw.

**Do Fa Do Sol$^7$**
3.) Bu nu teg ci yoonu nattu, waaye nga musal nu ci lu bon.
**Do Fa Do Fa Do Sol$^7$ Do**
Ndaxte Yaw yaa-yelloo nguur gi, ak kàttan gi, ak màggaay gi ba fàww!

## 83. Lu nu wara lekk? {Macë 6:25-34}

**La Ré La Mi La**
Lu nu wara lekk? Lu nu wara naan? Lu nu wara sol?
**Ré La Mi La**
Coono, bare na! Xaalis, ñàkk na! Nit jaaxle na lool!
**Ré La Ré La Ré La**
Yeesu ne na, Jëkkleena wut nguuru Yàlla ak njubteem
**Ré La Ré**
Loolu lépp dina leen ko ci dollil.
**Ré La Ré La Ré Mi La**
Jëkkleena wut, Jëkkleena wut, Jëkkleena wut Yàlla!

## 84. Am naa mbég {Galasi 5:22}

**Do Sol Do Sol Do**
1.) Am naa mbég ci sama xol, am naa mbég ci sama xol,
**Fa Do**
Ndaxte Yàlla wone na mbëggeelam ci man.
**Do Sol Do Sol Do**
Am naa mbég ci sama xol, am naa mbég ci sama xol,
**Fa Sol Do**
Ndaxte Yeesu mu ngiy ànd ak man.

2.) Am naa jàmm . . .
3.) Am naa mbëggeel . . .

[Pour monter: **Do - Sol - Fa {La$^7$}--> Ré - La - Sol {Si$^7$}--> Mi - Si$^7$ - La**]

## 85. Bëgganteleen! {Yowanna 13:34,35}

**Do Sol Do Sol7 [Do Sol7] Do**
{Maa ngi leen di jox ndigal lu bees: B ë g g a n t e l e e n!} 2x
**Fa Do**
Na ngeen di bëggante ni ma leen bëgge,
**Sol Do Fa Sol7 Do**
Ni ñuy xame ne samay taalibe ngeen, mooy ngeen bëggante.

## 86. Nanga bëgg Yàlla {Macë 22:37-40}

AIR: À Toi, Seigneur / Unto Thee O Lord

**Ré**
Nanga bëgg Yàlla. (Nanga bëgg Yàlla.)
**Ré La**
Nanga bëgg sa moroom. (Nanga bëgg sa moroom.)
Nanga bëgg Yàlla. (Nanga bëgg Yàlla.)
**Ré**
Nanga bëgg sa moroom. (Nanga bëgg sa moroom.)
**Sol**
Ñaari ndigal yooyu, ñoo tënk yoonu Musaa wépp,
**Ré Sim Sol La7 Ré**
Moom ak waxi yonent Yàlla yi dund ci jamano yépp.

## 87. Deeleen bég {Filipp 4:4}

AIR: Rejoice in the Lord Always [Canon]

**Ré La Ré**
{Deeleen bég ci Boroom bi, maa ngi koy waxati: Bégleen!} 2x
**Ré La7 Ré**
{Bégleen! Bégleen! Maa ngi koy waxati: Bégleen!} 2x

## 88. Bésub tey jii {Sabóor 118:24; Macë 28:1; Jëf ya 20:7}

AIR: C'est ici la journée / This Is the Day

**Do Sol7**
{Bésub tey jii,} 2x {Yàlla moo ko def.} 2x
**Sol Do**
{Bég naa ci lool,} 2x {Sama xol di sedd!} 2x
**Fa Do Fa Do**
Bésub tey jii, Yàlla moo ko def. Bég naa ci lool, sama xol di sedd.
**Sol Do**
Bésub tey jii, bésub tey jii, Yàlla moo ko def.

[Pour monter: **Do - Sol - Fa {La7}--> Ré - La - Sol**]

## 89. Barkeel ngeen {Macë 5:11,12}

AIR: C'est ici la journée / This is the Day

**Do** **Sol$^{7}$**
{Barkeel ngeen,} 2x {Bu ñu leen di saaga.} 2x
**Sol** **Do**
{Barkeel ngeen,} 2x {Bu ñu leen di fitnaal.} 2x
**Fa** **Do**
{Bégleen te bànneexu, Seen neexal dina réy.} 2x
**Sol** **Do**
Barkeel ngeen, barkeel ngeen, seen neexal dina réy!

[Pour monter: **Do - Sol - Fa {La$^{7}$}--> Ré - La - Sol**]

## 90. Suufeeluleen {Macë 5:3; 23:7-12; 1 Pieer 5:1-6}

AIR: Humble Yourself in the Sight of the Lord

**Rém** **Lam** **Rém** **Lam** **Rém**
{Suufeeluleen fa kanamu Yàlla. (Suufeeluleen fa kanamu Yàlla.)} 2x
**Rém** **Do** **Rém** **Do** **Rém** **Lam** **Rém**
Te dina leen yëkkati ci kaw, dina leen yëkkati, dina leen yëkkati ci kaw.

## 91. Saxleen ci man {Yowanna 15:1-8}

AIR: Demeurez en Moi (modifié)

**Do** **Lam** **Rém** **Sol**
Saxleen ci man, ma sax man itam ci yeen,
**Do** **Lam** **Rém** **Sol$^{7}$** **Do**
Ndaxte képp ku sax ci man, dina meññ bu baax!

**Lam** **Mim** **Fa** **Do**
1.) Maay garab gu wóor gi, sama Baay mooy Beykat bi.
**Lam** **Mim** **Fa** **Mi**
Maa di garab gi, yeen a di car yi.

**Lam** **Mim** **Fa** **Do**
2.) Su ngeen saxee ci man, te saxal samay wax ci yeen,
**Lam** **Mim** **Fa** **Mi**
Ñaanleen lu ngeen bëgg, te dingeen ko jot ci man.

## 92. Sa kàddu niit la {Sabóor 119:105,11}

AIR: Thy Word is a Lamp unto My Feet

Sol Ré Sol Do Ré7 Sol
{Sa-kàddu niit la ci samay tànk, di leer ci sama yoon.} 2x
Sol Ré Sol Do Ré7 Sol
{Maa ngiy denc say wax ci sama xol, ngir bañ la tooñ.} 2x

## 93. Jëkkleena wut {Macë 6:33; 4:4}

AIR: Cherchez d'abord le royaume de Dieu / Seek Ye First

Do Mim Fa Do Fa Do Sol Sol7
Jëkkleena wut nguuru Yàlla, ak njubteem,
Do Mim Fa Do Fa Do Sol7 Do
Te loolu lépp dina leen ko ci dollil. Alélu, Aléluya!
{La7}-->
Ré [Fa#m] Sol Ré Sol Ré La
Nit du dunde mburu rekk, waaye-itam gépp kàddu,
Ré [Fa#m] Sol Ré Sol Ré La7 Ré
Gu génne ci gémmiñug Yàlla. Alélu, Aléluya!

## 94. Fonkleen yëf ya ca kaw {Kolos 3:1-3; Fil. 4:8}

[MODERATO: arpège]

Ré Mim Ré Sol La Ré
Fonkleen yëf ya ca kaw, te ngeen baña faale yi ci suuf,
Sol La7 Ré Sim
Ndaxte dee ngeen, te seen dund boole nañu ko ak Krist
Mim La7 Ré
Denc ca Yàlla.

Ré Mim Ré Sol La Ré
Léegi nag mbokk yi, na seen xalaat jublu ci lii:
Sol La7 Ré Sim Mim La7 Ré
Lu dëggu, lu jekk, lu jub, lu sell, lu rafet ak lu faaydawu,
Sol La Ré Sim Mim La7 Ré
Su fi amee lu baax mbaa lu mata naw, xalaatleen ko.

## 95. Nekk surga {Mark 10:42-45; Room 8:29}

AIR: Make Me a Servant [MODERATO: sans Percussion / suggeré: CAPOT]
(Chant difficile)

**Sol Mim$^7$ Lam$^7$ Ré$^7$**
1.) Yeesu mi ñëw ngir nekk surga nit ñi,
**Lam$^7$ Ré$^7$ Do Sol**
Joxe na dundam ngir njotug ñu bare.
**Mim$^7$ Do Do#m**
Ku bëgga nekk kilifa na nekk surga.
**Sol Lam$^7$ Sol Ré$^7$ Do Sol**
{Nanu nirook Yeesu} 2x Yeesu mooy dund ci nun.

**Sol Mim$^7$ Lam$^7$ Ré$^7$**
2.) Ci xeeti àddina ñi ñu teg njiit,
**Lam$^7$ Ré$^7$ Do Sol**
Yilif na nit ñi nekk ay surgaam.
**Mim$^7$ Do Do#m**
Bul mel ni kilifa: kawe ak réy.

## 96. Sunu ñaan ci Yeesu {2 Korent 4:6}

AIR: Refrain: Shine, Jesus, Shine [suggeré: CAPOT (2e)]

**Ré La Sim Sol Mim Sol La$^7$ Sol La$^7$**
Yeesu, Yeesu, ubbil xoli ñu bare tey jii,
**Ré La Sim Sol Mim Do**
Feeñu nit ñi, ñu gis ne yaay yoon wi.
**Ré La Sim Sol Mim Sol La$^7$ Sol La$^7$**
Dooleel nu tey, ba nu seede ak sa cofeel gi
**Ré La Sim Sol Mim La$^7$ Ré**
Yeesu, Yeesu, won leen ne Yaay leer gi!

## 97. Moo di sunu jàmm {Efes 2:14; 1 Pieer 5:7}

AIR: He Is Our Peace

**Ré o**
{Yeesu moo di sunu jàmm, ndaxte tuural na nu deretam.
**o Mim La$^7$ Ré Sol Ré**
Yeesu moo di sunu jàmm, Yeesu moo di sunu jàmm.} 2x

**Sol La$^7$ Ré**
{Nanu yenniku ci Moom sunu njàqare jépp.
**Mim La$^7$ Ré Sol Ré**
Yeesu moo di sunu jàmm, Yeesu moo di sunu jàmm.} 2x

## 98. Danga sonn? {Filipp 4:6-20; Saak 5:13}

AIR: Tell It to Jesus

Do Sol Fa Do Sol⁷ Do
Danga sonn? Sa xol am na naqar? Waxal lépp Yeesu, waxal lépp Yeesu.
Sol Fa Do Sol⁷ Do Fa Do
Ndax yaw, danga ànd ak tiisu bàkkaar? Waxal lépp Yeesu, Moom rekk.
Sol Do Fa Do Sol⁷
Waxal lépp Yeesu, waxal lépp Yeesu, Moom mooy àndandoo bu baax.
Do Sol Fa Do Sol⁷ Do Fa Do
Beneen xarit, beneen moroom amul. Waxal lépp Yeesu, Moom rekk!

[Pour monter: **Do - Sol - Fa {La⁷ }--> Ré - La - Sol** ]

## 99. Yeesu man na {Efes 3:20,21}

AIR: He Is Able, He Is Able

Sol Ré Sol Do
{Yeesu man na! Yeesu man na! Xam naa ne Yeesu man na,
Sol Ré Sol Do Sol
Xam naa ne Yeesu man na ma dimbali!} 2x

Do Sol
Bégloo na ñi am naqar, goreel na jaami Ibliis,
La⁷ Ré Ré⁷
Doxloo woon na lafañ yi, te gisloo gumba yi.

## 100. Yeesu du soppiku {Yawut 13:8}

AIR: God's Word Will Never Fail

Sol Ré Sol
Yeesu du soppiku, du soppiku, du soppiku,
Ré Ré⁷ Sol
Yeesu du soppiku, déedéet, mukk!

Sol Ré Sol
Waaw Yeesu baal na ma, waaw baal na ma, waaw baal na ma,
Ré Ré⁷ Sol
Waaw Yeesu baal na ma, waaw ba fàww!

Sol Ré Sol Ré Sol
Yeesu dina ma fat, dina ma fat, dina ma fat, Yeesu dina ma fat, ba abadan!

## 101. Bëggal Boroom bi {Mark 12:30; Room 5:5}

**Sol Mim Do**
Bëggal Boroom bi sa Yàlla, ak sa xol, sa bakkan bépp,
**Ré Sol**
Sa xel mépp, te nga bëgg sa moroom ni nga bëgge sa bopp.
**Mim Do Ré Ré7**
Nanga bëgg Yeesu, ak sa xol bépp, ak sa xel, ak sa gépp kàttan.

**Sol Mim Do**
Am nanu dund gu bees, am nanu Yeesu, mi nuy joxe.
**Ré Ré7 Sol Do Sol**
Amunu dara lu nuy nëbb, ndaxte nu ngi ci Moom!

## 102. Amuma xarit... {Yowanna 15:13-15; Yawut 4:14-16}

AIR: No Not One

**Sol Do Sol Ré Sol**
Amuma xarit bu mel ni Yeesu, Yeesu rekk, Yeesu rekk.
**Do Sol Ré Sol**
Xawma keneen ku ma mana musal, Yeesu rekk, Yeesu rekk.
**Sol Ré7**
Yeesu Moom xam na samay coono, Yeesu sàmm na ma fu nekk.
**Sol Do Sol Ré Sol**
Amuma xarit bu mel ni Yeesu, Yeesu rekk, Yeesu rekk.

## 103. Yeesu Krist baax na lool {Filipp 3:8}

AIR: Jéus est merveilleux / Isn't He Wonderful

**Sol Do**
Yeesu Krist baax na lool, baax na lool, baax na lool.
**Ré Sol [Fa Do Sol]**
Yeesu Krist baax na lool ci nun ñépp!
**Do**
Boroom ak Musalkat, Doomu Yàlla ji ak Buur,
**Ré Sol Do Sol**
Yeesu Krist baax na lool ci nun ñépp!

# 104. Sabóor 1 {Yosuwe 1:8; Jẽf ya 17:11; 1 Yowanna 2:15-17}

**Lam5 La m3 Lam5 Lam3 Lam5 La m3 Lam5 Lam3**
Céy nit ki wóolu Yàlla moo di barkeel} 2x

**Ré La Mi La**
1.) Yoonu Yàlla lay noyyee ba mu nekk ci naataange.
**Ré La**
Mu gẽstu Kàddug Yàlla
**Mi7 La La m3 La m5 La m3**
Guddi ak bẽccẽg.

**Ré La Mi La**
2.) Day mel ni garab gu sax ci weti ndoxu dex
**Ré La**
Xobam du lax, du daanu.
**Mi7 La La m3 Lam5 Lam3**
Li muy def, lépp nangu.

**Ré La Mi La**
3.) Ñi bon duñu ni saxe. Dañoo mel ni xatax gi.
**Ré La**
Ngelaw li di leen yóbbu.
**Mi7 La La m3 Lam5Lam3**
Yoonu ñi bon jẽm sànku.

**Ré La Mi La**
4.) Day mel ni garab gu sax ci weti ndoxu dex
**Ré La**
Xobam du lax, du daanu.
**Mi7 La La m3 Lam5 La m3**
{Li muy def, lépp nangu.} 3x

# 105. Yàlla sama Kiiraay* {Sabóor 18}

**Rém** **Do**
{Yàlla sama Kiiraay, Yàlla sama Kàttan,
**Rém**
Yaa di sama Tata, sama Rammukat!} 2x

**Do** **Rém**
1.) {Ci biir sama coono, wóolu naa Yàlla.
**Do** **Rém**
Yàlla yéngal na suuf si, mere na noon yi.} 2x

**Do** **Rém**
2.) {Yaa ngiy feeñal samag leer, Aji Kàttan ji.
**Do** **Rém**
Duma daanu, duma tiit dooley lëndëm gi.} 2x
**Do** **Rém**
3.) {May woo Aji Sax ji, mucc ci samay noon.
**Do** **Rém**
Duma ragal, duma tiit nit ñiy def lu bon.} 2x

**Do** **Rém**
4.) {Yaa ma yëkkati ci kaw, nit ñi ma bañ.
**Do** **Rém**
Yaa ma jox mucc gu réy. Na ma gërëm la.} 2x

**Do** **Rém**
5.) {Yoonu Yàlla dafa mat, Kàddoom dafa wóor.
**Do** **Rém**
Képp ku làqu ci Yàlla ndamam dafa wóor!} 2x

*Kiiraay: "Protection" Ku / lu lay aar walla yiir  Tata: "Forteresse"

# 106. Sabóor 19 {Sabóor 19:7-11}

AIR: Mélodie Serere
[**Ré** / avec percussion seulement]

1.) Yoonu Aji Sax ji moo mat di dekkal ruu. (AWU)
Seedes Aji Sax ji moo wóor di yee ñi xamul. (AWU)
Deesu leen tëkkale ak wurus, buy wurusu ngalam sax.
Ñoo gëna neex lem, muy lem gi ëpp tem-tem. (AWU)

-->

2.) Ndigali Aji Sax ji ñoo jub di bégal xol. (AWU)
Santaaney Aji Sax ji ñoo leer di yànjal bët yi. (AWU)
Deesu leen tëkkale ak wurus, buy wurusu ngalam sax.
Ñoo gëna neex lem, muy lem gi ëpp tem-tem. (AWU)

3.) Ragal Aji Sax ji moo sell di sax ba fàww. (AWU)
Àttey Aji Sax ji ñoo dëggu, bu ci ne jub. (AWU)
Deesu leen tëkkale ak wurus, buy wurusu ngalam sax.
Ñoo gëna neex lem, muy lem gi ëpp tem-tem. (AWU)
Ñoo may artu it man miy sa jaam, man miy sa jaam,
Te ku leen sàmm am yool bu réy-a-réy. (AWU)

## 107. Sabóor 51 {1 Korent 6:9-11; 1 Yowanna 1:7-9}

**Lam Ré Lam Ré Lam**
Ci sa cofeel Yàlla, ci sa laabiir Yàlla,
**Lam Ré Lam Ré Lam Mim Lam Mim Lam Mim Lam**
Yërëm ma, jekkal ma, faral samay t o o ñ, faral samay tooñ.

**Lam Mi Lam Mi**
1.) Fóot ma, ba ma set ci sama bàkkaar
**Lam Rém Lam [Mi] Lam Mi Lam Mi**
Laabal ma ci sama dëng. Dëgg gi ci reeni xol.
**Lam Rém Lam Ré Lam Ré**
Loolu neex na la Yàlla.

**Lam Mi Lam Mi**
2.) Sàkkal ci man xol bu laab,
**Lam Rém Lam [Mi] Lam Mi Lam Mi**
Yeesal ci man xel mu sax, bul ma dàq ci sa jetaay,
**Lam Rém Lam Mi Lam Ré Lam Ré**
Delloo ma ci mbégu mucc.

## 108. Sabóor 72 {Peeñu bi 11:15}

**Ré Sol Ré La7 Ré Sol Ré La7**
{Ay tagg ñeel na Boroom bi Yàlla Aji Sax ji.} 2x
**La7 Sol La7 Ré**
1.) {Ay tagg ñeel na turam wu màgg wi} 3x ba fàww.
**La7 Sol La7 Ré**
2.) {Na turam màkkaan mel ni jant bi} 3x ba fàww.
**La7 Sol La7 Ré**
3.) {Na suuf sépp daj ak ndamam} 3x Amiin. (FINE)

## 109. Sabóor 130 {Sabóor 130; 37:4}

**Do Fa Do Fa Do Fa Sol Sol$^7$**
Maa ngiy xaar Yàlla sama Boroom, maa ngiy yaakaar digam.
**Do Mi*m* Fa Do**
Maa ngi ne jàkk Yàlla Aji Sax ji,
**Fa Do Fa Sol$^7$**
Ba raw wottukat ci fajar, ba raw wottukat ci fajar.
**Do Mi*m* Fa Do Fa Do Sol Ré$^7$ Sol Fa**
Yaakaaral cofeelu Yàlla, defal Yàlla sa bànneex oo-o
**Do Mi*m* Fa Do Fa Do Sol$^7$ Do**
Yaakaaral cofeelu Yàlla, kon mu defal la say nammeel.

## 110. Sabóor 23 {Yowanna 10}

**Do Fa Sol$^7$ Do**
Yàlla Boroom bi mooy sama Sàmmkat, looloo tax duma ñàkk dara!
**Fa Sol$^7$ Do**
Yàlla Boroom bi mooy sama Sàmmkat, Aléluya!

**Do Fa Sol$^7$ Do**
Da may toogloo ca mbooy gu naat, di ma tette ca ndox yu teey,
**Do Fa Sol$^7$ Do**
Yàlla Boroom bi mooy sama Sàmmkat, Aléluya!

**Do Fa Sol$^7$ Do**
Dafay yeesal sama ruu, da may jëmale,
**Fa Sol$^7$ Do Fa Do Sol**
Ci yoon yu jub, ndax turam.

**Do Fa Sol$^7$ Do**
Yàlla Boroom bi mooy sama Sàmmkat, looloo tax duma ñàkk dara!
**Fa Sol$^7$ Do**
Yàlla Boroom bi mooy sama Sàmmkat, Aléluya!

**Do Fa**
Su may jaar sax ci xur wu lëndëm,
**Sol$^7$ Do Fa Sol$^7$ Do**
Duma ragal dara, ndax yaa ngi ànd ak man. Aléluya!
**Do Fa Sol$^7$ Do**
Sa bant ak sa yet ñooy dalal sama xol.
**Fa Sol$^7$ Do**
Yàlla Boroom bi mooy sama Sàmmkat, Aléluya!

-->

Do Fa Sol7 Do
Da ngay waajal ñam ci sama kanami noon.
Fa Sol7 Do
Diw nga sama bopp. Sama kaas di rembat.
Do Fa Sol7 Do
Ci dëgg, mbaax ak cofeel ñoo ma wër,
Fa Sol7 Do Fa Do Sol
Sama giiru dund gépp. Aléluya!

Do Fa Sol7 Do
{Yàlla Boroom bi mooy sama Sàmmkat, looloo tax duma ñàkk dara!
Do Fa Sol7 Do
Te dinaa dëkk ci këru Boroom bi ba abadan!} 2x
Fa Sol7 [Fa] Do
Te dinaa dëkk ci këru Boroom bi ba abadan!

## 111. Dogu naa topp Yeesu {Yowanna 6:66-69}

AIR: Je suis décidé à suivre Jésus / I Have Decided to Follow Jesus

Do Fa Do Fa Do
Dogu naa topp, topp ci Yeesu. Dogu naa topp, topp ci Yeesu.
Do Fa Do Sol7 Do
Dogu naa topp, topp ci Yeesu. Duma ko wacc ba abadan!

Do Fa Do Fa Do
Dinaa ko topp te man rekk laa. Dinaa ko topp te man rekk laa.
Do Fa Do Sol7 Do
Dinaa ko topp te man rekk laa. Duma ko wacc ba abadan!

Do Fa Do Fa Do
Dinaa ko topp te ñépp bañ ma. Dinaa ko topp te ñépp bañ ma.
Do Fa Do Sol7 Do
Dinaa ko topp te ñépp bañ ma. Yeesu mooy sama àndandoo!

## 112. Sabóor 121 {Yowanna 15:5}

Ré La Ré La
1.) Damay yëkkati samay bët ci kaw tund ya,
Ré La Ré [La Ré]
Fan la ma wall giy jóge? Fan la ma wall giy jóge?
Ré Sol Ré
Wall gaa ngi may jóge ci Aji Sax ji sàkk asamaan ak suuf!
Ré Sol Ré [La Ré]
Wall gaa ngi may jóge ci Aji Sax ji sàkk asamaan ak suuf!

Ré La Ré La
2.) Du la seetaan mukk ngay daanu, Ki lay wottu du gëmmentu.
Ré La Ré [La Ré]
Xoolal, du-gëmmentu, du nelaw, Moom miy wottu Israyil.

Ré La Ré La
3.) Aji Sax ji mooy ki lay wottu, Mooy takkandeer ci sa ndeyjoor.
Ré La Ré [La Ré]
Jànt-bi du la lakk ci bëccëg, du weer wi it bu guddee.

Ré La Ré La
4.) Aji Sax ji dina la wottu, ci bépp musiba dina wottu sa ruu.
Ré La Ré [La Ré]
Aji Sax ji dina wottu sa dem ak sa dikk, léegi ba fàww.

## 113. Sama sang {Jëf ya 11:23}

AIR: Hark, the Herald Angels Sing

Ré La7 Ré La7 Ré
1.) Yeesu moo di sama sang, li mu ma wax, gëm naa ko,
La Mi7 La
Li mu may jox laa di jël, muy xéewal mbaa muy nattu.
Ré Sol Ré La Ré Sol Ré La
Jébbalu ci Moom ba fàww! Su may dund mbaa may dee,
Sol Mi*m* [Si Mi*m*] La7 Ré La7 Ré
{Wàkkirlu ci Musalkat bi. Loolu mooy céru ku gëm.} 2x

Ré La7 Ré La7 Ré
2.) Ngeen ànd ak man, mbaa ngeen bañ ma, Ellëg niki bésub tey,
La Mi7 La
Tagg ak jaamu Yeesu, ngir Yàlla Aji Sax ji.
(Woyal: Tag-ga)

->

**Ré La⁷ Ré La⁷ Ré**
3.) Su ma àddinay sonal, duma jaaxle, duma rus,
**La Mi⁷ La**
Gannaaw Yàllaa ngi ànd ak man, dinaa jàpp ci Yeesu!

## 114. Yeesu sama Buur nga {Efes 1:20-23}

AIR: Hail Jesus You're My King [**Fa** / avec percussion seulement]

Yeesu sama Buur nga. (Yeesu sama Buur nga.)
Bëgg naa def sa coobare. (Bëgg naa def sa coobare.)
Yàlla jox na la kàttan gépp. (Yàlla jox na la kàttan gépp.)
Yaw yaa am tur wi tiim yépp. (Yaw yaa am tur wi tiim yépp.)
Dinga ñëwaat ci àddina. (Dinga ñëwaat ci àddina.)
Ñépp ay sukk ci sa kanam. (Ñépp ay sukk ci sa kanam.)
Yeesu sama Buur nga. (Yeesu sama Buur nga.)
{Mucc rekk ci sa tur la. (Mucc rekk ci sa tur la.)} 3x

## 115. Ndaw bànneex {1 Yowanna 1:3,4}

AIR: Quel bonheur de marcher avec Lui / It Is Glory Just to Walk with Him

**Sol Ré Lam Ré⁷ Sol**
Ndaw bànneex ci ànd ak Yeesu Krist, ndaw bànneex ci ànd ak Yeesu Krist!
**Do La**
Dina jiite sama yoon, fu ma jëm ci àddina,
**Ré Sol Do Sol**
Ndaw bànneex ci ànd ak Yeesu Krist!

## 116. Bëgg naa la {1 Yowanna 4:19; 1 Korent 16:22}

AIR: Be Exalted, O God, Above the Heavens
[MODERATO: sans percussion]

**Do Ré⁷ Sol Do Sol Ré**
Bëgg naa la Boroom bi, ndax yaa ma jëkka bëgg,
**Lam Ré Sol**
Ba joxe sa bakkan ngir man.
**Do Ré⁷ Sol Do Sol Ré**
Bëgg naa la Boroom bi, ndax yaa ma jëkka bëgg,
**Lam Sol Ré Sol Mim Lam Ré Do Sol**
Na sa tur sell, na sa nguur ñëw, na sa coobare am ci sama dund!

## 117. Céy ci turu Yeesu {Yowanna 14:13,14}

AIR: Par le Nom de Jésus / In the Name of Jesus

**Ré** **La**
Jigéen: Céy ci turu Yeesu, waaw ci turu Yeesu, am nanu ci ndam li.
**Mim** **La** **Mim** **La** **La7** **Ré**
Góor: Céy ci turu Yeesu, waaw ci turu Yeesu, rab yi war nañoo daw.

**Sol** **Ré** **La7** **Ré**
Ñépp: Dooley Yàlla, ji amul àpp, mbëggeelug Yàlla, moo nu jàpp.
**Sol** **Ré** **La7** **Ré Sol Ré**
Ci turu sunu Boroom Yeesu am nanu ci ndam li!

## 118. Na Yàlla miy maye muñ {Room 15:5,6}

[avec percussion seulement?]

**Sim** **Mim** **Sim** **Mim**
{Na Yàlla miy maye muñ, na Yàlla miy maye fit,
**Sim** **Mim** **Sim**
May leen ngeen déggoo te nekk benn, mu yellook li Krist Yeesu wone,
**Mim** **Sim** **Mim** **Sim**
Ba tax nu bokk xalaat ak baat, ci màggal sunu Yàlla,
**Mim** **Sim** **Mim** **Sim**
Baayu Yeesu Krist, Moom sunu Boroom.} 2x
**Mim** **Sim** **Mim** **Sim**
Baayu Yeesu Krist, Moom sunu Boroom.

## 119. Na jàmmu Yàlla {Filipp 4:7}

[TEMPO 6/8: sans percussion / suggeré: CAPOT (2e)]

**La7** **Mi** **La7** **Mi**
Na jàmmu Yàlla, ji xóot mel ni géej gi
**La7** **Mi** **La7** **Mi**
Na mbëggeelu Yàlla, gi tar mel ni asamaan,
**Si7** **Mi**
Wàcc ci yeen, fees seen xol,
**La7** **Mi** **Si7** **Mi La Mi**
Te barkeel seen dund ngir ndamu Yàlla.
**La7** **Mi** **Si7** **Mi La7** **Mi**
Te barkeel seen dund ngir ndamu Yàlla.

## 120. Dara mënu noo tàggale {Room 8:31-39}

AIR: Comme un fleuve immense / Like a River Glorious

Ré La Ré Sol La Ré
1.) Kan moo nu mana tàggaleek mbëggeelu Krist?
La Ré La Mi7 La La7
Xanaa duy nattu, te du njàqare,
Ré Sol Ré Sol Ré La La7
Du it fitna, du xiif, mbaa rafle,
Ré La7 Ré La Ré La7 Ré
Du it ay ngaañ walla jaasi sax.
Ré Sol Ré Sol Ré La7
Dara mënu noo tàggale mukk ak mbëggeel,
Ré La Ré La Ré La7 Ré
gi nu Yàlla jox ci Krist Yeesu!

Ré La Ré Sol La Ré
2.) Lu nu wara wax nag ci loolu lépp?
La Ré La Mi7 La La7
Wóor na ma ne, dara-mënu noo tàggale,
Ré Sol Ré Sol Ré La La7
Du dee, du dund, du malaaka yi,
Ré La7 Ré La Ré La7 Ré
Du tey, du ëllëg, du boroom doole yi.

## 121. Céy maa bëgg Yeesu! {Lukk 7:38,47}

AIR: O comme j'aime Jésus! / O How I Love Jesus!

Do Sol Do Fa
Céy maa bëgg Yeesu! Céy maa bëgg Yeesu!
Do Sol Do
Céy maa bëgg Yeesu! Ndax moo ma jëkka bëgg.

Do Sol Do
Ci-man, Yeesu amul moroom! Ci-man, Yeesu amul moroom!
Fa Do Sol Do
Ci-man, Yeesu amul moroom! Ndax dindi na samay bàkkaar.

## 122. Ndam ñeel na la Yeesu {Sabóor 18:2,3}

AIR: Gloire à ton Nom Jésus / Praise the Name of Jesus

**Do Fa Do**
{Ndam ñeel na la Yeesu} 2x
**Fa Do Fa Do Fa Do**
Sama Xeer, sama Tata, sama Musalkat,
**Ré$^7$ Sol**
Yaw rekk laa wóolu!
**Do Fa Sol$^7$ Do**
Ndam ñeel na la Krist Yeesu!

## 123. Matug Yàlla gépp {Kolos 2:9,10}

AIR: La plénitude de notre Dieu habite en Jésus-Christ

**Do Sol$^7$**
1.) Matug Yàlla gépp a ngi dëkk ci Boroom bi Yeesu
**Do**
Matug Yàlla gépp a ngi dëkk ci Boroom bi Yeesu
**Fa**
Matug Yàlla gépp a ngi dëkk ci Boroom bi Yeesu
**Do Sol Do Fa Do**
Te am nanu lépp ci Moom!
**Do Fa Do Sol$^7$**
Ci Moom, ci Moom, ci Yeesu Krist! Am nanu lépp ci Moom!
**Do Fa Do Sol Do Fa Do**
Ci Moom, ci Moom, ci Yeesu Krist! Am nanu lépp ci Moom!

**Do Sol$^7$**
2.) Du ci kaw jëfi nit waaye, ci yiwu Yàlla rekk,
**Do**
Du ci kaw jëfi nit waaye, ci yiwu Yàlla rekk,
**Fa**
Du ci kaw jëfi nit waaye, ci yiwu Yàlla rekk,
**Do Sol Do Fa Do**
Te am nanu lépp ci Moom!

**Do Sol$^7$**
3.) Yeesu dee na ngir musal la, kon nag, war nga ko gëm.
**Do**
Yeesu dee na ngir musal la, kon nag, war nga ko gëm.
**Fa**
Yeesu dee na ngir musal la, kon nag, war nga ko gëm.
**Do Sol Do Fa Do**
Te man nga am lépp ci Moom!

# 124. Bés dina ñëw {1 Yowanna 3:2,3; 2 Pieer 3:18}

AIR: One Day (Jesus Will Call My Name)

© Copyright 1980 Grap 7 Music (BMI)
Cherry River Music (BMI)
(Utilisé par permission)

**Do Fa Do**
Bés dina ñëw, Yeesu dina ma woo,
**Sol**
Bés yaa ngiy dem, bëggu ma doon li ma doon
**Do Fa Do**
Bëgg naa ko jege, noonu soppi gi du mag,
**Sol Do**
Ci bés boobu ma Yeesu di woo.

**Do Fa Do**
1.) Am ay bés yu gudd, am ay bés yuy naaw,
**Sol**
Ay bés may xalaat sama bésu dee.
**Do Fa Do**
Bés sama xol neex, bés sama xol fees
**Sol Do**
Waaye bés dina ñëw Yeesu dina ma woo.

**Do Fa Do**
2.) Bés yu bare may ñaan, am ay bés ma fàtte,
**Sol**
Bés yooyu laay jiital sama bopp,
**Do Fa Do**
Waaye du li may def, bant bi leeral na lépp,
**Sol Do**
Te bés dina ñëw Yeesu dina ma woo.

## 125. Man xamuma lu tax {2 Timote 1:12}

AIR: Je ne sais pourquoi dans sa grâce / I Know Whom I Have Believed

**Do** **Fa Do** **Sol Sol7**
1.) Man xamuma lu tax ci yiwam, ma ñëw ci Yeesu, mu fat ma,
**Do** **Fa** **Do** **Fa Sol Do**
Moom jox na ma jàmm juy sax ba fàww, am coono ci sama wàll.

**Fa** **Do** **Fa** **Do**
Waaye xam naa ni am naa dund, Ndax moo ma musal ci cofeelam,
**Fa** **Do** **Sol** **Sol7** **Do Fa Do**
Dee ca bant ba, te jox ma dundam, Maa ngiy dox ci mbég ba fàww.

**Do** **Fa** **Do** **Sol Sol7**
2.) Xawma lu tax man, bàkkaarkat bi, Yeesu tette ma ci yoon wi,
**Do** **Fa Do** **Fa Sol** **Do**
Dee ca bant ba, jox ma dund, ànd ak ndam dellu ca Baayam.

**Do** **Fa Do** **Sol Sol7**
3.) Xawma ci màggaayam gu réy gi, kañ la waxtu wi di jot,
**Do** **Fa Do** **Sol Do**
Ba Yeesu jëlsi ma ci jàmm, nu dëkki kër Baayam.

## 126. Ngir mbégte mii {Jëf ya 13:52}

AIR: Pour cet immense bonheur / Michael, Row Your Boat Ashore

**Ré** **Sol Ré** **Sol Ré** **La** **Ré La Ré**
Ngir mbégte mu màgg mii, aléluya! Bi nga def ci sama xol, aléluya!

**Ré** **Sol Ré** **Sol Ré** **La** **Ré La Ré**
Maa ngi woy Boroom bi, aléluya! Yaa di sama àndandoo, aléluya!

**Ré** **Sol Ré** **Sol Ré** **La** **Ré La Ré**
Dinaa ko yëgal nit ñépp, aléluya! Ndax Yeesu dee na ngir man, aléluya!

**Ré** **Sol Ré** **Sol Ré** **La** **Ré La Ré**
Li moo tax ma bëgg ko, aléluya! Yeesu mooy sama alal, aléluya!

## 127. Mbég mu réy {Kolos 1:13; Lukk 10:20}

AIR: Avec des cris de joie

**Ré** **Sol** **Ré**
{Mbég mu réy a ma jàpp, may màggal ci bànneex.
**Sol** **Ré** **La** **Ré**
Mucc naa ci samay noon. Yàlla Musal na ma.} 2x
**Ré** **Sol** **Ré** **Sol** **Ré**
Moo daanoon Seytaane. (Moo daanoon Seytaane.)
**Ré** **Sol** **Ré** **Sol** **Ré**
Bàkkaar yi, moo leen fey. (Bàkkaar yi, moo leen fey.)
**Ré** **La** **Sol**
Moo ma goreel ci dee, (Moo ma goreel ci dee,)
**Ré**
Ngir ma dund ci naataange. (Ngir ma dund ci naataange.)

**Ré** **Sol** **Ré**
{Mbég mu réy a ma jàpp, may màggal ci bànneex.
**Sol** **Ré** **La** **Ré**
Mucc naa ci samay noon, Yeesu musal na ma.} 2x

## 128. Ci Yeesu gis naa {Galasi 5:22; Mark 10:29,30}

AIR: En Jésus j'ai trouvé [Canon]

**La** **Ré** **Mi** **La**
{Ci Yeesu gis naa li ma yaakaarul woon.} 2x

**La** **Ré** **Mi7** **La**
1.) Jox na ma mbëggeel. Jox na ma mbégte.
**Ré** **Mi7** **La**
Jox na ma jàmm ji. Sant naa ko, amiin!

**La** **Ré** **Mi7** **La**
2.) Jox na ma mbokk yu góor. Jox na ma mbokk yu jigéen.
**Ré** **Mi7** **La**
Jox na ma njaboot gi. Sant naa ko, amiin!

[Alternatif: **Ré - Sol - La** ]
[Am na ñi woye ñaareelu aaya nii: "Jox na ma ay mag. Jox na ma ay rakk..."]

## 129. Yeesu Moom Kenn {Yawut yi 7:26,27}

**Ré**
{Yeesu Moom kenn dee na ngir man! (AWU)
Yeesu Moom kenn dekki na! (AWU )} 2x
**Ré** **Sol La Ré** **Sol Ré**
{Maa ngiy woy aléluya,} 3x di sant Yàlla!

{Yeesu Moom kenn am na kàttan! (AWU)
Yeesu Moom kenn mooy Boroom bi! (AWU)} 2x
{Maa ngiy woy aléluya,} 3x di sant Yàlla!

{Yeesu Moom kenn dina dellusi! (AWU)
Dina ma yóbbaale ak Moom! (AWU)} 2x
{Dinaa woy aléluya,} 3x di sant Yàlla!
[Pour monter: **Ré - Sol - La {Si$^7$}--> Mi - La - Si$^7$**]

## 130. Dinaa dellusi {Yow. 14:3; 1 Tes. 4:17; Peeñu 22:20}

AIR: Nous venons dans ta maison / We Have Come into This House

**Do** **Sol$^7$**
Yeesu nee na: Dinaa dellusi yóbbaale leen,
**Do**
Yeesu nee na: Dinaa dellusi yóbbaale leen,
**Fa**
Yeesu nee na: Dinaa dellusi yóbbaale leen,
**Do** **Sol$^7$** **Do Fa Do**
Ba fu ma nekk, ngeen nekk fa, yeen itam.

**Do** **Sol$^7$**
Dinanu taseji ak Boroom bi ci jaww ji,
**Do**
Dinanu taseji ak Boroom bi ci jaww ji,
**Fa**
Dinanu taseji ak Boroom bi ci jaww ji,
**Do** **Sol$^7$** **Do Fa Do**
Te noonu dinanu nekk ak Moom ba fàww.

**Do** **Sol$^7$**
Yeesu nee na: Waaw, maa ngi ñëw léegi,
**Do**
Yeesu nee na: Waaw, maa ngi ñëw léegi,
**Fa**
Yeesu nee na: Waaw, maa ngi ñëw léegi,
**Do** **Sol$^7$** **Do Fa Do** **Sol$^7$** **Fa Do**
Amiin, Boroom bi Yeesu ñëwal! Amiin, Boroom bi Yeesu ñëwal!

# 131. Ñëwaatu Yeesu {Peeñu 19:11; 11:15; Mark 8:38}

**Mim Ré Mim Ré Mim**
1.) Asamaan dina ubbiku. Fas wu weex yóbbu Ku Takku
**Ré Mim Ré Do**
Xarekati asamaan si topp ci Moom.
**Ré Do Ré Mim Ré Do Ré Do Ré Mim**
Yeesu dina ñëw ci ndam ak kàttan. Pare nga ñëwu Yeesu?

**Sol Ré**
Ne na: Ku ma rus ci jamano jii
**Mim Ré**
Bésub sama ñëwaat ci ndamu Baay bi
**Mim Lam Mim Lam**
Ànd ak malaaka yu sell yi,
**Mim Ré Mim Ré Mim Ré Mim Ré**
Dinaa la r u s a xam it.

**Mim Ré Mim Ré Mim**
2.) Yeesu feeñ ci asamaan. Buuru buur yi mooy turam.
**Ré Mim Ré Do Ré**
ci njub lay àtte ak a noot ay noonam.
**Do Ré Mim Ré Do Ré Do Ré Mim**
Yeesu dina ñëw ci ndam ak kàttan. Pare nga ñëwu Yeesu?

**Mim Ré Mim Ré Mim**
3.) Dina dekkil ay xaritam, yëkkati leen ci asamaan
**Ré Mim Ré Do Ré**
Jox leen sañ-sañ ci x e e t i suuf si.
**Do Ré Mim Ré Do Ré Do Ré Mim**
Yeesu dina nguuru ba fàww ak kàttan. Pare nga ñëwu Yeesu?

**Sol Ré**
Ne na: Ñi ma topp ci jamano jii
**Mim Ré**
Bésub sama ñëwaat ci ndamu Baay bi
**Mim Lam Mim Lam**
Ànd ak malaaka yu sell yi
**Mim Ré Mim Ré Mim Ré Mim Ré Mim**
{Dingeen d o n n i à d d i n a si.} 2x

# 132. Dund gu bees {2 Kor. 5:17; Efes 1:15-23; Ro. 6}

**La** **Ré** **La** **Ré** **La** **Ré** **Mi**
Dund gu bees, dund ba fàww! Ndekkitel Yeesu mooy kàttan ci nun!

**La** **Ré** **La** **Ré** **La** **Mi** **La**
Dund gu bees, dund ba fàww! Ndekkitel Yeesu mooy kàttan ci nun!

**Ré** **La** **Ré** **La**
1.) Bu nit bokkee ci Yeesu mbindeef mu bees la.
**Ré** **La** **Ré** **Mi**
Li jëkk wéy na, lu bees a fi nekk.
**Ré** **La** **Ré** **La**
Bu nit bokkee ci Yeesu mbindeef mu bees la.
**Ré** **La** **Mi** **La**
Li jëkk wéy na, lu bees a fi nekk.

**Ré** **La** **Ré** **La**
2.) Bu nit bokkee ci Yeesu deewu Yeesu la bokk.
**Ré** **La** **Ré** **Mi**
Ni Yeesu dekkee woon dina la dekkil.
**Ré** **La** **Ré** **La**
Bu nit bokkee ci Yeesu deewu Yeesu la bokk.
**Ré** **La** **Mi** **La**
Ni Yeesu dekkee woon dina la dekkil.

**Ré** **La** **Ré** **La**
3.) Bu nit bokkee ci Yeesu yaram wu bees lay am.
**Ré** **La** **Ré** **Mi**
Wi jëkk dee na wu bees ak ndam.
**Ré** **La** **Ré** **La**
Bu nit bokkee ci Yeesu yaram wu bees lay am.
**Ré** **La** **Mi** **La**
Wi jëkk dee na wu bees ak ndam.

## 133. Xalaatal ci asamaan! {Fil. 3:20,21; 1 Pie. 1:3-9}

AIR: Contempler mon Dieu / Frère, quand ton âme est lassée

**Ré** **La** **La7**
1.) Xarit, sa xol bu jambaajoo, xalaatal ci nguuru asamaan,
**Ré** **Sol** **Ré** **La7** **Ré**
Yëkkatil, yëkkatil sa xol ci kaw, mu dem bérabu ñi texe.

**La** **Ré** **Sol** **Ré** **La7**
Ci asamaan, ci asamaan, Xalaatal ci nguuru asamaan,
**Ré** **Sol** **Ré** **La7** **Ré Sol Ré**
Ci asamaan, ci asamaan, Xalaatal ci nguuru asamaan!

**Ré** **La** **La7**
2.) Foofa mooy dëkkuwaay bi sax, Yeesu moo la ko donale,
**Ré** **Sol** **Ré** **La7** **Ré**
Dara du ko mana foqati, doxal, bul am werante xol.

**Ré** **La** **La7**
3.) Dund gu wér, ci kaw la ne, Ci nguur gi sax ba abadan,
**Ré** **Sol** **Ré** **La7** **Ré Sol Ré**
Njubte ak bànneex ñu boolante, ñooy tóortóoral nguuru asamaan.

**Ré** **La** **La7**
4.) Ay fanu tiis ñoo la dese, nga génn lëndëmu bàmmeel,
**Ré** **Sol** **Ré** **La7** **Ré Sol Ré**
Janook kanamu Almasi bi, foofa la bànneex sax ba fàww.

## 134. Ci asamaan! {Yawut yi 12:22-24}

AIR: Contempler mon Dieu (même air que #133)

**Ré** **La** **La7**
1.) Janook sama Boroom ci nguuram, dund ak Yeesu ci asamaan,
**Ré** **Sol** **Ré** **La7** **Ré**
Sànni ciy tànkam sama kaala, loolu moo di mbégte ba fàww.
**La** **Ré** **Sol** **Ré** **La7**
Ci asamaan, ci asamaan, dund ak Yeesu ci asamaan,
**Ré** **Sol** **Ré** **La7** **Ré Sol Ré**
Ci asamaan, ci asamaan, loolu moo di mbégte ba fàww!

**Ré** **La** **La7**
2.) Ànd ak malaaka yi di woy, sant ak di tagg Yeesu,
**Ré** **Sol** **Ré** **La7** **Ré**
Nekk di woy ba fàww ay màggam, loolu moo di mbégte ba fàww!

## 135. Am na néeg yu bare {Yowanna 14:1-3}

AIR: Chez mon Père en haut

**Mi**
{Am na néeg yu bare ci sama këru Baay,
**Si** **Si⁷** **Mi La Mi**
Ci sama këru Baay ngir nun ñépp.} 2x
**Mi**
Mbég mi, mbég mi, mbég mi moo fa nekk.
**Si** **Si⁷**
Mbég mi, mbég mi, mbég mi moo fa nekk.
**Mi**
Mbég mi, mbég mi, mbég mi moo fa nekk.
**Si** **Si⁷** **Mi La Mi**
Ku gëm Yeesu Krist, moo fay dem!

[Alternatif: **Sol - Ré - Do**]

## 136. Sama xol fees na ci mbég {Filipp 4:4,5}

AIR: Joie, joie, mon cœur est plein... / Joy, Joy, My Heart Is Full of Joy

**Do** **Fa** **Sol⁷** **Do**
Mbég, sama xol fees na ci mbég, mbég, sama xol fees na ci mbég,
**Sol** **Sol⁷** **Do Fa Do**
Sama Yeesu moo ànd ak man, loolu moo tax sama xol fees na ci mbég.

## 137. Gaynde ak Mbote {Esayi 65:25; Lukk 1:33}

**Ré** **La** **Sol** **Ré**
Gaynde ak mbote dinañu bokk tëraay.
**La** **Sol** **Ré**
Dungeen gisati metit, coono walla gànnaay.
**La** **Sol** **Ré** **Do** **Ré**
Nguuram du am àpp te njubteem dina siiw, te muur àddina sépp ci ndam.
**Ré** **Do** **Sol** **Ré**
Yeesu Krist, Buuru buur yi nguuru na ba fàww.
**Ré** **Do** **Sol** **La**
Yeesu Krist, Buuru buur yi nguuru na ba fàww.
**Ré** **La** **Sol** **Ré** **Do** **Ré**
Nguuram du am àpp te njubteem dina siiw, te muur àddina sépp ci ndam.

# 138. Deñ na {Room 8:1-3, 30}

AIR: Enlevé, enlevé, enlevé / Rolled Away

**Sol** **Ré** **Ré7** **Sol Do Sol**
1.) {Deñ na, deñ na, deñ na! Tiis wi nekkoon sama xol deñ na!} 2x
**Do** **Sol** **Do** **Sol**
Bàkkaar yépp, daldi dem, jàmm rekk, daldi ñëw, santal Yàlla!
**Ré** **Ré7** **Sol Do Sol**
Deñ na, deñ na, deñ na, tiis wi nekkoon sama xol deñ na.

**Sol** **Ré** **Ré7** **Sol Do Sol**
2.) {Àtte ba, àtte ba, àtte ba! Duma jaar ca àtte-ba wara ñëw!} 2x
**Do** **Sol** **Do** **Sol**
Yeesu Krist gàddu na samay njubadi yépp, gërëm Yàlla!
**Ré** **Ré7** **Sol Do Sol**
Àtte ba, àtte ba, àtte ba! Duma jaar ca àtte, ba wara ñëw!

**Sol** **Ré** **Ré7** **Sol Do Sol**
3.) {Àjjana, àjjana, àjjana! Dinaa tàbbi àjjana benn bés!} 2x
**Do** **Sol** **Do** **Sol**
Yeesu Krist mooy yoon wi, weneen yoon du am mukk. Gëmal Yàlla!
**Ré** **Ré7** **Sol Do Sol**
Àjjana, àjjana, àjjana! Dinaa tàbbi àjjana benn bés!

# 139. Sama xam-xam {1 Korent 1:30,31}

AIR: Jesus-Christ est ma sagesse / Close to Thee

Sol Ré$^7$ Sol Ré
1.) Yeesu Krist mooy sama xam-xam, mu ngi leeral sama yoon,
Sol Sol$^7$ Do Sol Ré$^7$ Sol
Maa ngiy dox ci ñàkk doole, waaye loxoom jiite ma.
Ré$^7$ Sol Ré
Mu ngi leeral sama yoon, mu ngi leeral sama yoon,
Sol Sol$^7$ Do Sol Ré$^7$ Sol
Maa ngiy dox ci ñàkk doole, waaye loxoom jiite ma.

Sol Ré$^7$ Sol Ré
2.) Yeesu Krist mooy sama njubte, deretam tuurul na ma.
Sol Sol$^7$ Do Sol Ré$^7$ Sol
Am naa jàmm ak mbaal ba fàww, ci kaw ngëm ci saraxam.
Ré$^7$ Sol Ré
Deretam tuurul na ma, deretam tuurul na ma,
Sol Sol$^7$ Do Sol Ré$^7$ Sol
Am naa jàmm ak mbaal ba fàww, ci kaw ngëm ci saraxam.

Sol Ré$^7$ Sol Ré
3.) Yeesu Krist mooy ki may sellal, maa ngi mel ni car ci Moom.
Sol Sol$^7$ Do Sol Ré$^7$ Sol
Moo may jox dooley dund, gi ma goreel ci bàkkaar.
Ré$^7$ Sol Ré
Maa ngi bokk ci Yaw, Yeesu, maa ngi bokk ci Yaw, Yeesu.
Sol Sol$^7$ Do Sol Ré$^7$ Sol
Yaa may jox dooley dund, gi ma goreel ci bàkkaar.

Sol Ré$^7$ Sol Ré
4.) Yeesu fey na sama bor bi, jot na ma ak njëg gu réy,
Sol Sol$^7$ Do Sol Ré$^7$ Sol
Defal ma bérab ci wetam, fa may dëkki abadan.
Ré$^7$ Sol Ré
Yeesu yaa ma jot ba fàww, Yeesu yaa ma jot ba fàww.
Sol Sol$^7$ Do Sol Ré$^7$ Sol
Defal ma bérab ci sa wet, fa may dëkki abadan!

# 140. Sama alal {Kolos 2}

AIR: Ma richesse, ma gloire / Thy Name We Love, Lord Jesus

Do Fa Sol Do Fa Do Sol
1.) Sama alal, sama ndam, ak sama jëf ju réy ji,
Do Fa Sol Do Sol Do
Waaw Yeesu, moo di gëm ne, danga ñëw ngir jot ma.
Sol Fa Sol Do Ré7 Sol
Fees naa ak kóolute, ci Yaw Musalkat bi,
Do Fa Sol Do Sol Do
Maa ngiy dund ci yaakaar te dootuma ragal.

Do Fa Sol Do Fa Do Sol
2.) Dara du dindi bàkkaar, dara du wéral xol bi,
Do Fa Sol Do Sol Do
Lu dul góomi Krist Yeesu, Moom mi tuur d e r e t a m.
Sol Fa Sol Do Ré7 Sol
Waaw Yeesu rekk moo nuy raxas, ci sunu bàkkaar yépp,
Do Fa Sol Do Sol Do
Mooy dagg buumi njaam yi, nu nekk ci jàmm ba fàww.

Do Fa Sol Do Fa Do Sol
3.) Waa àddina si yeen ñépp, indilleen Musalkat bi
Do Fa Sol Do Sol Do
Seeni bàkkaar ak seen naqar, yërëm na ñi bàkkaar.
Sol Fa Sol Do Ré7 Sol
Mbëggeel gu kenn mënula natt, moo ko jële ci kaw,
Do Fa Sol Do Sol Do
Ngir may bàkkaarkat yépp, dund gu dul jeex mukk.

# 141. Bég naa ndax... {Galasi 1:3-5}

AIR: Je suis heureux, voici la bonne . . . / I'm So Happy and Here's the Reason Why

Do Fa Do Sol Do
Bég naa ndax sama xol set na tey jii, Yeesu dindi na sama bàkkaar yépp,
Fa Do Sol Do
Ca saa sa woy naa ci sama xol, Yeesu dindi na samay bàkkaar.
Sol Do
Bàkkaar dafa yàgga diisal sama xol,
Ré Sol
Yeesu rocci tiis wi, jox ma jàmm rekk,
Do Fa Do Sol Do
Bég naa ndax sama xol set na tey jii, Yeesu dindi na samay bàkkaar.

## 142. Nowel* a ngi nii {Yowanna 1:14; Room 14:5-9}

AIR: Voici Noël, ô douce nuit / Silent Night [MODERATO: arpège]

**La Mi7 La o**
1.) Nowel a ngi nii, ci guddig tey, biddiiw bee feeñ, jiitu nu fa,
**Ré La o Ré La**
Yeesu juddoo na ci Betleyem, malaaka yi woy nañu ci mbég.
**Mi7 La Mi7 La Ré La**
Xale bi juddu na tey jii, Yàlla may na nu Yeesu.

**La Mi7 La o**
2.) Emanuwel, Emanuwel, Yàlla feeñu na ci àddina,
**Ré La o Ré La**
Wàcce na boppam ba tollook nit ñi, def boppam surga ngir wallusi nu.
**Mi7 La Mi7 La Ré La**
Xale bi juddu na tey jii. Yàlla may na nu Yeesu.

**La Mi7 La o**
3.) Emanuwel, Emanuwel, gàddu na sunu bàkkaar yépp,
**Ré La o Ré La**
Ngir dindi àtte ci sunu kaw, jàmm ju réy la nu may ba fàww,
**Mi7 La Mi7 Ré La**
Almasi bi juddu na tey jii, ab Musalkat la nu jox.

*Nowel: Baat bi mu ngi jóge ci baatu Latin biy tekki: juddu.

## 143. Ca ndoorte Yeesu {Yow. 1:1-5; Filipp 2:6-11}

AIR: One Day When Heaven . . . [TEMPO 6/8]

**Sol**
1.) Ca ndoorte la Yeesu dëkkoon ak Yàlla,
**Ré7 Sol**
Booba it, bàkkaar moo feesaloon suuf. Yeesu moo wàcc, ñëw fi, juddu
**Ré La La7 Ré Ré7**
ni xale,
Dëkkoon ak nun, won nu jëfi Yàlla.
**Sol Ré7 Sol Do Mi7 La7 Ré Ré7**
Ñëw na ci suuf si, dee na ca bant ba, ba ñu ko suulee, tëj nañu ko fa,
**Sol Ré7 Sol Do La7 Ré7 Sol**
Ñetteelu fan ba, Yeesu dekki na, benn bés it, dina dellusi fii!

->

**Sol**
2.) Benn bés yóbbu nañu ko ba Kalweer,
**Ré 7** **Sol**
Daaj nañu ko foofa ci benn bant, deretam tuuru na ndax samay bàkkaar,
**Ré** **La** **La 7** **Ré Ré7**
Dee na ngir man, sama Musalkat la.

JUDDUB KRIST

## 144. Mbégte la woon {Lukk 2:10-14}

AIR: Joy to the World

**Do** **Sol Do** **Fa** **Sol** **Do**
1 .) Mbégte la woon ci àddina, ba Yeesu Krist ñëwee,
Mu musal nit ñi réer te moy, nan ko nangu ci sunu xol,
**Sol** **Sol7**
Te màggal ko, ak woy, te màggal ko, ak woy,
**Do** **[Fa Do]** **Sol7 Do**
Te màggal ko, màggal ko ak woy yu neex.

**Do** **Sol Do** **Fa** **Sol** **Do**
2 .) Mbégte mu ñëw ci àddina, ba Yeesu Krist faloo,
Mu gindi xolu nit ku nekk, nan ko bëgg ci sunu xol,
**Sol** **Sol 7**
Te teral ko ak woy, te teral ko ak woy,
**Do** **[Fa Do]** **Sol 7 Do**
Te teral ko, teral ko ak woy yu neex.

**Do** **Sol Do** **Fa** **Sol** **Do**
3 .) Mbégte ba fàww ci àddina, bu Yeesu Krist dundee,
Ci xolu nit ku ko déggal, nan ko sant ak jàmm ju wóor,
**Sol** **Sol7**
Yégale ko ak woy, yégale ko ak woy,
**Do** **[Fa Do]** **Sol7 Do**
Yégale, yégale ko ak woy yu neex!

## 145. Yeesu juddoo na Betleyem {Mise 5:1}

AIR: Mélodie Bambara

Ré o o La Ré
1.) Yeesu juddoo na Betleyem, ñëwleen màggal ko,
Sol Ré La7 Ré
Na ko yonent ya waxe woon, ñëwleen màggal ko!

Ré o o La Ré
2.) Yeesu judduwul ci noflaay, ñëwleen màggal ko,
Sol Ré La7 Ré
Yaayam laxase ko laytaay, ñëwleen màggal ko!

Ré o o La Ré
3.) Malaakay Yàlla feeñ ci kaw, ñëwleen màggal ko,
Sol Ré La7 Ré
Ne: Yàlla def na jàmm ba fàww, ñëwleen màggal ko!

Ré o o La Ré
4.) Ñu ne: Sàmm si, buleen tiit, ñëwleen màggal ko,
Sol Ré La7 Ré
Krist a juddu ngir musal nit, ñëwleen màggal ko!

Ré o o La Ré
5.) Simeyon leewu na liir ba ne: ñëwleen màggal ko,
Sol Ré La7 Ré
Musalkat bi, gis naa ko tey, ñëwleen màggal ko!

Ré o o La Ré
6.) Boroom xam-xam ya bég nañu, ñëwleen màggal ko,
Sol Ré La7 Ré
Ciy tànkam lañu gapparu, ñëwleen màggal ko!

Ré o o La Ré
7.) Yeesu ñëw na ngir yërëm nu, ñëwleen màggal ko,
Sol Ré La7 Ré
Dee ca bant ba ngir musal nu, ñëwleen màggal ko!

Ré o o La Ré
8.) Yaw mi bëgg say bàkkaar fey, ñëwal màggal ko,
Sol Ré La7 Ré
Gëmal Yeesu, mu baal la tey, ñëwal màggal ko!

Ré o o La Ré
9.) Yeesu juddoo na Betleyem, ñëwleen màggal ko,
Sol Ré La7 Ré
Na ko yonent ya waxe woon, ñëwleen màggal ko!

## 146. Yeesu juddoo naka xale {Lukk 2:15-20}

AIR: O Come All Ye Faithful

**Sol Ré Sol Lam Sol Ré**
1.) Bu yàgg, bi Yeesu juddoo naka xale, (Woyal: yàg-ga)
**Mim Ré La7 Ré**
Ay sàmmkat ñëw nañu ngir jaamu ko fa,
**Sol Lam Sol Ré Sol Ré**
Nun itam, danu wara jaamu Yeesu Boroom bi.
**Sol Ré Sol Ré Sol Ré Sol Do Sol Ré**
Ñëwleen nu jaamu Yeesu, ñëwleen nu jaamu Yeesu,
**Sol [Lam Sol] Ré La7 Ré Sol Do Sol Ré7 Sol**
Ñëwleen nu jaamu Yeesu, Krist Boroom bi.

**Sol Ré Sol Lam Sol Ré**
2.) Ay malaaka Yàlla woy nañu ci mbégte,
**Mim Ré La7 Ré**
Ñu màggal Yàlla ngir ñëwug Musalkat bi.
**Sol Lam Sol Ré Sol Ré**
Nun itam, nu ngiy woy ngir juddu Yeesu Boroom bi.

**Sol Ré Sol Lam Sol Ré**
3.) Nu ngi lay nuyu, Yeesu, Doomu Yàlla,
**Mim Ré La7 Ré**
Nu ngi naan: Jërëjëf ndax ñëw nga ni nit,
**Sol Lam Sol Ré Sol Ré**
Yaw, yaa-di Yàlla, wàccoon nga ci àddina.

## 147. Xale Leer gi {Lukk 1:78,79; 2:28-35}

AIR: Celebrate the Child

**Ré La**
Nanu màggal Xale Leer gi, léegi, lëndëm gi saay na!
**Ré La7 Ré**
Kenn wëndeelootul ci guddi, ayca nu màggal Xale Leer gi!

**Sol Ré La Ré**
1.) Xam nga ne lii du léeb, nit ak Yàlla doon nañu benn!
**Sol Ré La**
Gis nanu ne mooy Kàttan gi, kon ñu ngi dëkk ci Yàlla Doom ji.
**Sol Ré La Ré**
2.) Moo jiitu lépp, Mbote, Gaynde, Yàllaak Doom.
**Sol Ré La**
Moo waral mucc, màgg na, ñu laxas ko ci laytaay.

# 148. Jibril, Jibril {Lukk 1:26-38}

AIR: Mary's Boy Child (Chant difficile)

**Sol** **Do** **Ré** **Sol**
1.) Jibril, Jibril malaaka Yàlla ne na Maryaama:
**Do** **Ré** **Sol**
Dinga ëmb, jur doom ju góor, nanga ko tudde Yeesu.
**Do** **Ré** **Sol** **Do** **Ré 7**
Ku màgg lay nekki. Dina yilif ba fàww te nguuram du am àpp.
**Sol** **La m7** **Ré** **Sol**
Ku màgg lay nekki. Dina yilif ba fàww te nguuram du am àpp.

**Sol** **Do** **Ré** **Sol**
2.) Maryaama laaj malaaka ma: Naka la loolu mana ame?
**Do** **Ré** **Sol**
Man de, janq laa, janq laa ba tey. Man de, janq laa ba tey.
**Do** **Ré** **Sol** **Do** **Ré 7**
Yeesu dina màgg, dina yilif ba fàww te nguuram du am àpp.
**Sol** **La m7** **Ré** **Sol**
Yeesu dina màgg, dina yilif ba fàww te nguuram du am àpp.

**Sol** **Do** **Ré** **Sol**
3.) Jibril tontu ko ne: Xel mu Sell mi dina wàcc ci yaw,
**Do** **Ré** **Sol**
Te Aji Kawe ji dina la yiir, dina la yiir ci kàttanam.
**Do** **Ré** **Sol** **Do** **Ré 7**
Moo tax Yeesu mooy Ku Sell Ki, di Doomu Yàlla ji.
**Sol** **La m7** **Ré** **Sol**
Moo tax Yeesu mooy Ku Sell Ki, di Doomu Yàlla ji.

**Sol** **Do** **Ré** **Sol**
4.) Malaaka Yàlla dem ca Yuusufa ne ko: Maryaama day jur
**Do** **Ré** **Sol**
Doom ci kàttanug Yàlla. Nanga ko tudde Yeesu.
**Do** **Ré** **Sol** **Do** **Ré 7**
Yeesu moo di musal xeetu Yàlla ci seeni bàkkaar yèpp.
**Sol** **La m7** **Ré** **Sol**
Yeesu moo di musal xeetu Yàlla ci seeni bàkkaar yèpp.

**Sol** **Do** **Ré** **Sol**
5.) Yeesu, Yeesu moo di Musalkat, bi dindi sunuy bàkkaar.
**Do** **Ré** **Sol**
Yeesu mooy Buur bu gëna màgg bi te nguuram du am àpp.
**Do** **Ré** **Sol** **Do** **Ré 7**
{Ci kàttanug Yàlla la juddoo jaare ci Xel mu Sell mi.
**Sol** **La m7** **Ré** **Sol**
Moo tax Yeesu mooy Ku Sell Ki, di Doomu Yàlla ji.} 2x

## 149. Ndam li {1 Timote 3:16}

Do Mim Fa Do Fa Do Ré Sol
{Ndam li, ndam li, ndamu Yeesu, malaaka Yàlla feeñal ndamu Yeesu!} 2x

Fa Do Fa Do Fa Do Ré7 Sol
Doo ñëw màggal Rammkatu àddina si? Doo ñëw màggal Buuru buur yi?
Fa Do Fa Do Fa Do
Doo ñëw màggal Moom ki Yàlla yëkkati, wàcce kéemaanu juddoom,
Fa Do Fa Sol Do
Biddiiw, malaaka yi, ñoom ñépp leeral ndamu Yeesu!

## 150. Ay sàmm {Lukk 2:8-20} (Chant difficile)

Do Lam Fa Do Lam Fa Sol
1.) Ay sàmm yu daan fanaan ca tool ya di wottu jur ga,
Do Mim Fa Do Fa Sol Do
Daldi ragal ndax ndamu Yàlla moo leer di melax wër leen.

Do Fa Do Fa Mim Fa Do
Yeesu, Yeesu miy Musalkat bi te di Almasi bi, te di Boroom bi
Do
Juddul na nit ñépp! Juddul na xeet yépp! Juddul na réew yépp!
Sol7 Do
Tey jii ba fàww!

Do Lam Fa Do Lam Fa Sol
2.) Yeneen malaaka yu bare yu jóge asamaan
Do Mim Fa Do Fa Sol Do
Sant nañu Yàlla di ko màggal: Boroom bi Yeesu juddu na!

Do Lam Fa Do Lam Fa Sol
3 ) Yeesu moo juddu ngir musal àddina si, te maye dund ba fàww.
Do Mim Fa Do Fa Sol Do
Malaaka yu bare ci leer di melax biral nañu ndamu Yeesu.

## 151. Dégluleen malaaka yi {Lukk 2:14}

AIR: Hark, the Herald Angels Sing

**Ré La Ré La Ré**
1.) Dégluleen, malaaka yi woy: Màggalleen Buur bi juddu,
**Ré La Mi La**
Jàmm ak yërmande ci nit ñi, Buur Yàlla feeñu na nu!
**Ré Sol Ré La Ré Sol Ré La$^7$**
Xeet yi, jógleen te bànneexu, woyleen ak malaaka yi,
**Sol Ré Mi*m* La$^7$ Ré La Ré**
Yégalleen bàkkaarkat yi, Krist juddoo-na ci Betleyem.
**Sol Ré Mi*m* La$^7$ Ré La Ré**
Dégluleen malaaka yi! Màggalleen Buur bi juddu!

**Ré La Ré La Ré**
2.) Doomu Yàlla bàyyi na nguuram, ngir mu juddoo àddina,
**Ré La Mi La**
Ñëw na ngir daaneel Seytaane, ñëw na ngir mu musal nu.
**Ré Sol Ré La Ré Sol Ré La$^7$**
Nu ngi lay nuyu, Yaw Yeesu, yaa di sunu Buurub jàmm.
**Sol Ré Mi*m* La$^7$ Ré La Ré**
Na la malaaka yi tagg, dee nga ngir nga musal nu.
**Sol Ré Mi*m* La$^7$ Ré La Ré**
Dégluleen malaaka yi! Màggalleen Buur bi juddu!

## 152. Ba ñu gisee biddiiw ba {Macë 2:10}

AIR: When They Saw the Star

**Mi*m***
Ba ñu gisee biddiiw ba, ñu am mbég mu réy-a-réy!
**La*m* Mi*m***
Ba ñu gisee biddiiw ba, ñu am mbég mu réy-a-réy!
**Mi*m***
Ba ñu gisee biddiiw ba, ñu am mbég mu réy-a-réy!
**La*m* Mi*m* La*m* Mi*m***
Ñu am mbég mu réy-a-réy!

## 153. Biddiiw, biddiiw {Macë 2:1-11; Peeñu bi 22:16}

**La Mi Ré La Ré La Ré Mi La Mi Ré La**
1.) Biddiiw, biddiiw, bu gëna màgg bi leeral na guddi gi.
**Ré La Ré Mi**
Wone na yoon wi. Tiim na Xale bi.

**La Mi Ré La Ré La Ré Mi La Mi Ré La**
2.) Biddiiw, biddiiw, Boroom xam-xam yi, jàll mandiŋ mi,
**Ré La Ré Mi**
Di topp biddiiw bi, dem seeti Buur bi.

**La Mi Ré La Ré La Ré Mi La Mi Ré La**
3.) Biddiiw, biddiiw, kéemaan gu réy la, màggal na Buur ba.
**Ré La Ré Mi**
Ñi woyef seeti ko, sukk te jaamu ko.

**La Mi Ré La Ré La Ré Mi La Mi Ré La**
4.) Biddiiw, biddiiw, Leeral àddina si. Yeesu mooy Buur bi.
**Ré La Ré Mi La Mi Ré La Ré La Ré Mi La**
Nu dem te jaamu ko, sukk te màggal ko. Biddiiw, biddiiw.

## 154. Sama xel di bég! {Lukk 1:47}

AIR: My Soul Doth Magnify the Lord

**Sol Do La*m* Ré**
Sama xol a ngi màggal Boroom bi, sama xol a ngi màggal Boroom bi,
**Sol Mi*m* La*m* Ré Sol**
Sama xol a ngi màggal Boroom bi, sama xel di bég ci Yàlla sama Musalkat!

## 155. Emanuwel! {Macë 1:21-23; 1 Tim. 3:16}

AIR: Combinaison: Glory to God + Emmanuel

**Ré Sol La Ré o**
{Nanu màggal Yàlla, Nanu màggal Yàlla, Yeesu Musalkat bi juddu na!} 2x

**Ré Sol Mi*m* Sol Ré**
Emanuwel, Emanuwel, Yàlla wàcc, yor bindu nit!
**Ré Ré$^{7}$ Sol Mi*m* La$^{7}$ Ré**
Emanuwel, Emanuwel, Yàlla wàcc, yor bindu nit!

## 156. Moom mooy Gaynde {Peeñu 5:1-5}

AIR: Lion of the Tribe of Judah

**Mim** **Lam**
Moom mooy Gaynde xeetu Yuda. Yeesoo damm sunuy jéng, yewwi nu.
**Mim** **Si7**
Léegi Moom mooy doj wi ak ndam li.
**Mim**
Moom mooy sama doole bu ma nekkee ci coono,
**Lam** **Si7** **Mim**
Mooy sama làqukaay ci naqar, mooy yaakaaru Israyil.
**Mim** **Lam** **Mim** **Si7**
Yeewul yaw Israyil, jógeel ci say nelaw, noonu dëgg dina la yewwi!
**Mim** **Lam** **Mim** **Si7** **Mim**
Musalkat bi mu ngi jóge Siyon ci atum Yubilee.

**Mim** **Lam** **Mim** **Si7**
Woyleen: Aléluya! Woyleen: Aléluya! Santleen Yeesu sunu Buur!
**Mim** **Lam** **Mim** **Si7** **Mim**
Woyleen: Aléluya! Woyleen: Aléluya! Santleen Yeesu sunu Buur!

## 157. Aléluya! {1 Timote 1:15; Lukk 1, 2; Macë 1, 2}

**La Ré La Ré La** **Mi7** **La**
{Aléluya, Yàlla moo màggal juddub Yeesu} 2x
**La** **Ré** **La** **Ré** **La** **Mi7** **La**
1.) Malaaka Jibril xamal Maryaama: Yeesu ganesi na àddina si.
**La** **Ré** **La** **Ré** **La** **Mi7** **La**
Yàlla moo yónni Buuru buur yi, Yeesu ganesi na àddina si.
**La** **Ré** **La** **Ré** **La** **Mi7** **La**
Juddub Yeesu mooy kéeman gu réy, Yeesu ganesi na àddina si!

**La** **Ré** **La** **Ré** **La** **Mi7** **La**
2.) Malaaka Yàlla xamal Yuusufa: Yeesu ganesi na àddina si.
**La** **Ré** **La** **Ré** **La** **Mi7** **La**
Yàlla moo yónni Musalkat bi, Yeesu ganesi na àddina si.
**La** **Ré** **La** **Ré** **La** **Mi7** **La**
Moo di musale ci àtteb bàkkaar, Yeesu ganesi na àddina si!

**La** **Ré** **La** **Ré** **La** **Mi7** **La**
3.) Boroom xam-xam yi seeti Buur bi, Yeesu ganesi na àddina si.
**La** **Ré** **La** **Ré** **La** **Mi7** **La**
Biddiiw bi wone fu mu juddoo, Yeesu ganesi na àddina si.
**La** **Ré** **La** **Ré** **La** **Mi7** **La**
Kéeman gu réy, gi màggal ñëwam, Yeesu ganesi na àddina si!

-->

La Ré La Ré La Mi7 La
4.) Mbooloom malaaka feeñal ndamu juddoom, Yeesu ganesi na àddina si.
La Ré La Ré La Mi7 La
Sàmmkat yi sukk màggal Buur bi, Yeesu ganesi na àddina si.
La Ré La Ré La Mi7 La
Doo màggal Boroom bi Yeesu? Yeesu ganesi na àddina si!

XALE YI (AK MAG ÑI!):

# 158. Yeesoo sopp xale yi {Macë 19:13-15}

AIR: Oui, Jésus m'aime / Jesus Loves Me

**Do Sol Do Fa Do**
Yeesoo sopp xale yi! Gis naa ko ci téere bi.
**Sol Do Fa Do Sol Do**
Yeesoo joxe bakkanam, ngir ñépp dugg ci këram.
**Do Fa Do Sol Do Fa**
Yeesoo ma sopp! Yeesoo ma sopp! Yeesoo ma sopp!
**Do Sol Do**
Téere Yàllaa ko wax!
**Do Sol Do Fa Do**
Yeesu dee na ca bant ba, ngir nu mana xam Yàlla.
**Sol Do Fa Do Sol Do**
Ndax képp ku gëm ci turam, dund gu dul jeex lay am.

# 159. Benn bàkkaar {Room 5:12}

**INTRO: Lam / o / Lam / o ...**
**Lam o Sol**
Benn bàkkaar te Aadama matatul. Benn bàkkaar jegeetul Yàlla.
**Lam o Sol Lam o Lam...**
Benn bàkkaar Aadama war na génn. Aadama dina dee!

# 160. Xol bu ñuul kukk {Titt 3:3-7; 2 Tim. 3:15}

AIR: Chant du livre sans paroles / My Heart Was Black with Sin

**La Mi La**
Xol bu ñuul kukk laa amoon, ba bés bi ma deretu Krist,
**Mi La**
Sellalee ci bépp bàkkaar, léegi sama xol weex na tàll,
**Mi La Mi La**
Te jàng naa ci Kàddug Yàlla ne, dinaa dox ci mbeddi wurus,
**Ré La Mi La Ré La**
Ngir màgg ci Boroom bi, dinaa déggal kàddoom.

## 161. Yeesu dee na ngir man {1 Pieer 2:22-25}

AIR: Attaché à la croix pour moi (Refrain)

**Do** **Sol** **Sol7** **Do**
Yeesu dee na ci bant ngir man, Yeesu dee na ci bant ngir man.
**[Do7]** **Fa** **Do** **[Fa Do] Sol** **Do**
Yeesu Krist dindi na sama bàkkaar yépp, bi mu deewee ci bant ngir man.

## 162. Krist dee na ngir dindi... {1 Korent 15:3,4}

**Sol** **Do** **Sol**
Krist dee na ngir dindi sunuy bàkkaar,
**Ré**
Krist dee na ngir dindi sunuy bàkkaar,
**Sol** **Do** **Sol** **Ré7** **Sol**
Krist dee na ngir dindi sunuy bàkkaar, ni ko Mbind mi tërale.

**Sol** **Do** **Sol**
Mu dekki ci ñetteelu fan ba,
**Ré**
Mu dekki ci ñetteelu fan ba,
**Sol** **Do Sol** **Ré7** **Sol**
Mu dekki ci ñetteelu fan ba, ni ko Mbind mi tërale.

## 163. Yeesoo bëgg xale yépp {Lukk 18:16}

AIR: Jésus aime tous les enfants / Jesus Loves the Little Children

**Sol** **Ré**
Yeesoo bëgg xale yépp, xale yépp yu àddina, (Wòyal: yépp-a)
**Sol** **Do** **Sol**
Képp ku weex ak képp ku ñuul, Yeesu moo ko bëgg lool,
**Ré** **Sol Do Sol**
Yeesoo bëgg xale yépp yu àddina.

**Sol** **Ré**
Yeesu dee woon na ngir xale yi, xale yépp yu àddina,
**Sol** **Do** **Sol**
Képp ku weex ak képp ku ñuul, Yeesu moo ko bëgg lool,
**Ré** **Sol Ré Sol**
Yeesu dee woon na ngir xaley àddina.

## 164. Ci sama xol {Peeñu 3:20; Room 10:9-13}

AIR: Viens dans mon cœur / Into My Heart
[MODERATO: arpège]

**Ré La La7 Ré**
Ci sama xol, ci sama xol, duggal ci sama xol, Buur Yeesu.
**Sol Ré La7 Ré Sol Mi*m* La7 Ré**
Duggal tey jii, bul génn fii, duggal ci-sama xol, Buur Yeesu.

## 165. Ñaari nit ñu tabax kër {Macë 7:24-27}

**Do Fa Do Sol Do**
{Amoon na ñaari nit ñu tabax kër. Amoon na ñaari nit ñu tabax kër} 2x
**Do Fa Do Sol Do**
{Kenn ci ñoom moo di ku am xel, waaye keneen ki xamul dara!} 2x

**Do Fa Do Sol Do**
1.) {Nit ku am xel moo gas fu xóot, mu jot doj wu réy, samp kër ga.} 2x
**Do Fa Do Sol Do**
{Mbënn ma ñëw, te wal ma dal ca kër ga, waaye kër googu yënguwul.} 2x
**Do Fa Do Sol Do**
{Ndaxte kër gaa ngi jàpp ca doj wa. Kër ga am fondamaa bu wóor.} 2x

**Do Fa Do Sol Do**
2.) {Ku xamul dara tabax kër ci suuf si, mu bañ ko defal fondamaa.} 2x
**Do Fa Do Sol Do**
{Mbënn ma ñëw, te wal ma dal ca kër ga. Kër ga màbb, te lépp yàqu.} 2x

**Do Fa Do Sol Do**
3.) {Kuy topp Yeesu mooy ku am xel, ndaxte mooy fondamaa bu wóor.} 2x
**Do Fa Do Sol Do**
{Ku gëm Yeesu doo ragal dara, ndaxte Yeesu mu ngi lay yiir.} 2x

# 166. Mënuma ñëw {Lukk 14:16-24; Macë 22:1-14}

**Ré Sol Ré**
1.) Benn buur waaj na màggal ak ñam yu baree-bare.
**La Sol Ré**
Yónni na ay surgaam, ñu ganale ay nit:
**Sol Ré**
Man ngeena ñëw léegi, màggal gi jot na!
**La Ré Sol Ré**
Lii mooy li ko nit ñi tontu:
**(—) Ré x x (—) Ré x x**
Mënuma ñëw. Mënuma ñëw.
**Sol Ré**
Mënuma ñëw léegi , baal ma, ba beneen yoon, inch 'Allah.
**La Sol Ré**
Am naa liggéey bu bare, am naa jabar, gan ak xarit.
**Sol Ré**
Am na futbal ci tele, war naa bey sama tool,
**La Ré (—) Ré x x (—) Ré x x**
Te fàww ma ñibbi létt sama kawar. Mënuma ñëw. Mënuma ñëw!

**Sol Ré**
2.) Jaam ya dellu nañu, nettali lépp buur ba.
**La Sol Ré**
Mu daldi mer te wax leen: Ganaleleen ñépp!
**Sol Ré**
Man ngeena ñëw léegi, màggal gi jot na!
**La Ré Sol Ré**
Lii mooy li ko nit ñi tontu:

**Sol Ré**
3.) Buur bi tëj na buntam, màggal na ci biir.
**La Sol Ré**
Ay jaamam ak ay xaritam, bokk nañu mbég mi,
**Sol Ré**
Te ñi des ci biti, jooy bu metti lool,
**La Ré Sol Ré**
Ndaxte ñoo waxoon lii buur bi:

# 167. Kumbaya* {Yawut yi 4:15,16}

Do Fa Do Mim Lam Rém Sol
Kumbaya sama Yàlla, Kumbaya! Kumbaya sama Yàlla, Kumbaya!
Do Fa Do Fa Do Sol Do
Kumbaya sama Yàlla, Kumbaya! Yaw Yàlla, Kumbaya!

Do Fa Do Mim Lam Rém Sol
Ñëwal Boroom bi, ànd ak nun! Ñëwal Boroom bi, ànd ak nun!
Do Fa Do Fa Do Sol Do
Ñëwal Boroom bi, ànd ak nun! Yaw Yàlla, àndal ak nun!

Do Fa Do Mim Lam Rém Sol
Kenn a ngiy woy Yàlla, Kumbaya! Kenn a ngiy jooy Yàlla, Kumbaya!
Do Fa Do Fa Do Sol Do
Kenn a ngiy ñaan Yàlla, Kumbaya! Dinga dégg sunu ñaan, Kumbaya!

*Kumbaya: Ci làkku Anglais la jóge ("Come by here"), te mu ngi tekki: Ñëwal fii.(Negro spirituel)

# 168. Gumba! {Yowanna 9:25}

AIR: The Blind Man Sat By the Road and Cried

Mim Sol Do Si7
Gumbaa ngi taxaw ci yoon wi yuuxu
Mim Sim Do Si7
Gumbaa ngi taxaw ci yoon wi yuuxu
Mim Lam Mim Si7
Gumbaa ngi taxaw ci yoon wi yuuxu
Si Mim Sim Do Si7
{Ne: O o o, won ma yoon wi} 3x Yoonu asamaan!

Mim Sol Do Si7
Yeesoo ngi taxaw ci yoon wi te naan
Mim Sim Do Si7
Yeesoo ngi taxaw ci yoon wi te naan
Mim Lam Mim Si7
Yeesoo ngi taxaw ci yoon wi te naan
Si Mim Sim Do Si7
{Ne: O o o, maay yoon wi i i l} 3x Yoonu asamaan!

## 169. Nikodem {Yowanna 3:1-16}

**Do** **Sol** **Do**
1.) Amoon na ab nit, ku tuddoon Nikodem,
**Fa** **Sol** **Do**
Soppoon na Yeesu waaye xamul woon dara.
**Do** **Sol** **Do** **Fa** **Sol** **Do**
{Nikodem o o, Nikodem o o, Nikodem o o, danga wara judduwaat.} 2x

**Do** **Sol** **Do**
2.) Nikodem daldi dem ngir seeti Boroom bi,
**Fa** **Sol** **Do**
Mu laaj ko naka la mana judduwaate.

**Do** **Sol** **Do**
3.) Kon sama xarit, yaw war nga nangu Yeesu,
**Fa** **Sol** **Do**
Dinga mana mucc te dinga judduwaat.

## 170. Doo ma wéral? {Lukk 5:18-31; 18:38; 17:12,13}

AIR: The Blind Man Sat By the Road and Cried (Modifié)

**Mim** **Ré** **Do** **Si7** **Si7**
1.) {Ñeenti xarit yoor nit ku làggi} 3x fi Yeesu
**Si7** **Mim** **Ré** **Do** **Si7**
{Doo ko wéral Boroom bi Yeesu?} 3x Kon, làggi bi daldi dox!

**Mim** **Ré** **Do** **Si7** **[Ré]** **Si7**
2.) {Gumba toog ci wetu mbedd mi} 3x di ko ñaan
**Si7** **Mim** **Ré** **Do** **Si7**
{Doo ma wéral Boroom bi Yeesu?} 3x Kon, gumba gi daldi gis!

**Mim** **Ré** **Do** **Si7** **Si7**
3.) {Fukki gaana dem seeti Yeesu.} 3x di ko ñaan
**Si7** **Mim** **Ré** **Do** **Si7**
{Doo nu wéral Boroom bi Yeesu?} 3x Kon, dootunu wéradi!

**Mim** **Ré** **Do** **Si7** **Si7**
4.) {Bàkkaarkat yi dem seeti Yeesu} 3x di ko ñaan
**Si7** **Mim** **Ré** **Do**
{Doo nu jéggal Boroom bi Yeesu?} 3x
**Si7** **Mim** **Ré** **Do** **Ré** **Mim**
Kon, Boroom bi baal na leen seen jubadi yépp!

## 171. Nóoyin ak Lóot {Yawut 11:7; 2 Pieer 2:4-8}

**La Ré La Ré**
Yàlla ne na Nóoyin: Duggal ci gaal gi ba mucc.
**La Ré Mi**
Yàlla ne na Nóoyin: Duggal ci gaal gi ba mucc.
**La La$^7$ Ré**
Bi taw bi daanoo, Nóoyin tooyul woon,
**La Mi La**
Ndaxte gëm na li Yàlla wax.
**La Ré**
{Gëm na li Yàlla wax . . . } 7x ------> 2.) **La Ré**
3.) **La Ré**
4.) **Mi**
5.) **La La$^7$**
6.) **Ré Ré*m*$^6$**
7.) **La Mi La**

**La Ré La Ré**
Yàlla ne na Lóot: Génnal ci dëkku Sodom.
**La Ré La Ré**
Yàlla ne na Lóot: Génnal ci dëkku Sodom.
**La La$^7$ Ré**
Bi safara di taw, Lóot a ngiy daw,
**La Mi La La Ré**
Ndaxte gëm na li Yàlla wax. {Gëm na li Yàlla wax . . . } 7x (accords en haut)

## 172. Yeesu bëgg na ma! {Efes 3:17-19}

AIR: Jésus quitta le trône / I Am So Glad that Jesus Loves Me

**Sol Ré Sol**
1.)Bég naa bu bare ndax sama Baay bi, xamle na mbëggeelam ci Biibal bi,
**Ré Ré$^7$ Sol**
Am na ci téere bi yëf yu doy waar, li ci raw mooy Yeesu bëgg na ma!
**Sol Do Ré$^7$ Sol**
Bég naa ndax Yeesu bëgg na ma, bëgg na ma, bëgg na ma,
**Do Ré [Ré$^7$] Sol**
Bég naa ndax Yeesu bëgg na ma! Dina ma bëgg fàww!

**Sol Ré Sol**
2.) Su ma ko fàttee ba sore ko sax, dina ma bëgg, man xawma lu tax,
**Ré Ré$^7$ Sol**
Saa su ma waxee, dellul sama doom, kon dinaa daw laxasuji ci Moom.

**Sol Ré Sol**
3 .) Bëgg naa Yeesu, ndax bëgg na ma, joxe na bakkanam ngir sama ruu,
**Ré Ré$^7$ Sol**
Deewal sa mbindeef loolu wees na wax, céy ni ma bëgge Yeesu, aka baax!

## 173. Xale yi teeyluleen {Room 14:11,12}

AIR: O Be Careful Little Eyes [Manees na ko woy it: Mbokk yi teeyluleen...]

**Sol** **Ré** **Sol Do Sol**
Xale yi teeyluleen li ngeen gis. Xale yi teeyluleen li ngeen gis.
**Do** **Lam** **Sol** **Mim**
Sunu Baay moo nuy xool, ndaxte sopp na nu lool,
**Lam** **Ré$^{7}$** **Sol Do Sol**
Xale yi teeyluleen li ngeen gis!

Xale yi teeyluleen li ngeen wax...

Xale yi teeyluleen li ngeen dégg...

Xale yi teeyluleen li ngeen def...

Xale yi teeyluleen fu ngeen jëm...

## 174. Yeesu ñëwul ngir àtte nu {Yowanna 3:17}

AIR: Il ne vint pas juger
[TEMPO 6/8: sans percussion]

**Sol** **Do** **Ré$^{7}$ Sol**
Yeesu ñëwul ngir àtte nu, ñëwul ngir teg nu tooñ.
**Do** **Ré$^{7}$ Sol**
Dafa ñëw ngir wut ñi réeroon, te musal leen ba fàww.
**Sol** **Ré** **Ré$^{7}$ Sol**
Yeesu man na noo musal. Yeesu man na noo musal.
**Do** **Ré$^{7}$ Sol Do Sol**
Yeesu man na noo musal. Yeesu man na noo musal.

## 175. Yàlla baax na {Saak 1:16,17; Yawut yi 13:8,20,21}

AIR: Oui, Dieu est bon / God Is So Good

| **Do** **Sol** | **Sol$^{7}$** **Do** | **Fa** | **Do Sol Do** |
|---|---|---|---|
| Yàlla baax na! | Yàlla baax na! | Yàlla baax na! | Baax na lool ci man! |
| Yeesu baax na! | Yeesu baax na! | Yeesu baax na! | Baax na lool ci man! |
| Du soppiku! | Du soppiku! | Du soppiku! | Du soppiku mukk! |
| Bëgg naa ko! | Bëgg naa ko! | Bëgg naa ko! | Ak sama xol bépp! |

[Pour monter: **Do - Sol - Fa {La$^{7}$}--> Ré - La - Sol {Si$^{7}$}--> Mi - Si - La**]